# Адыгэ макъ

№ 75 (19589)

2010-рэ илъэс

МЭФЭКУ

МЭЛЫЛЪФЭГЪУМ и 22-рэ

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет


Зэнэкъокъухэу «Гран-при Адыгеир»

## Мамыр огур ашъхьэщыт

**Мэлылъфэгъум и 21 — 25-м кушъхьэфэчъэ спортымкIэ Дунэе зэнэкъокъухэу «Гран-при Адыгея» зыфиIорэр апэрэу Адыгэ Республикэм щыкIощт. ХэгъэгуиплIымэ яспортсмени 120-рэ фэдиз зэIукIэгъумэ ахэлажьэ.**



Тиреспубликэ и Правительствэ зычIэт Унэм ыпашъхьэ тыгъуасэ Дунэе зэнэкъокъухэр къыщызэIуахыгъэх. АР-м и Премьер-министрэ игуадзэу Алексей Петрусенкэр Адыгеим и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан ыцIэкIэ спортсменхэм къафэгушIуагъ. Урысыем, Украинэм, Казахстан, Белоруссием кушъхьэфэчъэ спортымкIэ яспортсмен анахь лъэшхэу дунэе зэIукIэгъумэ щытхъуцIэхэр къащыдэзыхыгъэхэр Адыгеим зэрэщызэнэкъокъухэрэм мэхьанэ ин иIэу ащ ылъытагъ. АР-м ирайониплIымэ, къалэу Мыекъуапэ ягъогухэм зэнэкъокъухэр ащыкIощтых, тиреспубликэ ичIыпIэ дахэхэр зэрагъэлъэгъунхэу амалышIухэр яIэщтых.

Алексей Петрусенкэм зэрэхигъэунэфыкIыгъэу, кушъхьэфэчъэ спортымкIэ хэгъэгу зэнэкъокъухэр зэхэщэгъэнхэмкIэ АР-м опытышхо иI. Адыгеим федеральнэ спорт псэуалъэ кушъхьэфэчъэ спортымкIэ щашIыщт, хэгъэгум ихэшыпыкIыгъэ командэ зэIукIэгъухэр тиреспубликэ щызэхещэх.

Адыгеим Кавказым щыпсэурэ лъэпкъхэм яшэн-хабзэхэр щагъэлъапIэх, хьакIэм дахэу щыпэгъокIых, огу къаргъор ашъхьэщытэу мамырныгъэр къыщаухъумэ. Республикэм ишIушIагъэхэр спортсменхэм алъэгъунхэу уахътэ яIэщт.

УФ-м кушъхьэфэчъэ спортымкIэ ифедерацие ипрезидент иIэнатIэ зыгъэцэкIэрэ Юрий Кучерявэм зэнэкъокъухэр дэгъоу зэрэкIощтхэм ицыхьэ зэрэтелъым, спортсменхэм яухьазырныгъэ къагъэлъэгъоным фэшI зэхэщакIомэ пэшIорыгъэшъэу Iофхэр дэгъоу зэрэзэшIуахыгъэхэм щигъэгъозагъэх.

АР-м и Къэралыгъо орэдыIокъэшъокIо ансамблэу «Ислъамыем» спортсменхэм сэлам фабэ къарихыгъ, адыгэ орэдхэу композиторэу Нэхэе Аслъан зэригъэфагъэхэр къыIуагъэх, лъэпкъ къашъохэр пчэгум къыщишIыгъэх.

Тыгъуасэ спортсменхэр километри 8 хъурэ гъогум щызэнэкъокъугъэх. Непэ сыхьатыр 11-м республикэ филармонием ыпашъхьэ щаублэнышъ, километри 180-рэ хъурэ гъогур тишъолъыр щакIущт.

*САХЬИДЭКЪО Нурбый.*

*Сурэтыр зэхахьэм къыщытырахыгъ.*

---

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр лъэшэу гухэкI щыхъоу Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан Кытэ ыкъом фэтхьаусыхэ ышыпхъу идунай зэрихъожьыгъэм фэшI.

---

Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Президентрэ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие лъэшэу гухэкI ащыхъоу Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан Кытэ ыкъом фэтхьаусыхэ ышыпхъоу Гъунэжъыкъо Нинэ Кытэ ыпхъур зэрэщымыIэжьым фэшI.

---

**Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!**

**Пшыпхъоу Гъунэжъыкъо Нинэ Кытэ ыпхъур дунаим зэрехыжьыгъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ. Уигукъао къыбдэсэгощы, сыпфэтхьаусыхэ.**

**Краснодар краим иадминистрацие ипащэу А.Н. Ткачев.**

---

**Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!**

**Краснодар краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ идепутатхэм ацIэкIэ ыкIи сэ сшъхьэкIэ къинышхоу къыпфыкъокIыгъэм — пшыпхъоу Гъунэжъыкъо Нинэ Кытэ ыпхъур игъонэмыс зэрэхъугъэм фэшI ори, уиунагъо исхэми сышъуфэтхьаусыхэ. ЦIыфхэм шIубэ афэзышIэгъэ, гукъэкIыжь дахэкIэ зичIыпIэ гъухэм агу къарынэжьыщт цIыф шIагъор тхэкIыжьыгъ.**

**Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор, къинышхоу къыпфыкъокIыгъэр къыбдэсэгощы, ори, уиунагъо исхэми, уиIахьылхэми сышъуфэтхьаусыхэ.**

**Краснодар краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ итхьаматэу В.А. Бекетов.**

---

**Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!**

**Пшыпхъу игъонэмыс зэрэхъугъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ, уикъин къыбдэсэгощы.**

**Урысые Федерацием и Президент и Администрацие ипащэ иIэпыIэгъоу Н. Хьапсирэкъу.**

---

## Адыгэ Республикэм и Президент и Указ

**Адыгэ Республикэм ищытхъуцIэхэр афэгъэшъошэгъэнхэм ехьылIагъ**

Адыгэ Республикэм наукэмрэ гъэсэныгъэмрэкIэ ихэхъоныгъэ яIахьышхо зэрахашIыхьэрэм, IэпIэсэныгъэ ин зиIэ кадрэхэм ягъэхьазырын зэрэхэлажьэхэрэм апае щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм наукэмкIэ изаслуженнэ IофышIэшху»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**Трубилин Александр Иван ыкъом** — профессор, экономикэ шIэныгъэхэмкIэ доктор, апшъэрэ профессиональнэ гъэсэныгъэ зыщызэрагъэгъотырэ федеральнэ къэралыгъо учреждениеу «Кубанскэ къэралыгъо аграрнэ университетыр» зыфиIорэм иректор;

**Харитонов Евгений Михаил ыкъом** — профессор, социологическэ шIэныгъэхэмкIэ доктор, мэкъумэщ шIэныгъэхэмкIэ Урысые академием идействительнэ член, къэралыгъо научнэ учреждениеу «ПынджымкIэ Урысые научнэ-ушэтэкIо институтыр» зыфиIорэм идиректор;

**ЩэшIэ Щамсэт Ерстэм ыпхъум** — профессор, филологие шIэныгъэхэмкIэ доктор, гуманитар ушэтынхэм апыль Адыгэ республикэ институтэу Т.М. КIэращэм ыцIэкIэ щытым иведущэ научнэ IофышI.

ЩытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм иапшъэрэ еджапIэ изаслуженнэ IофышI»** зыфиIорэр **Лобанов Владимир Григорий ыкъом** — профессорым, техническэ шIэныгъэхэмкIэ докторым, апшъэрэ профессиональнэ гъэсэныгъэ зыщагъэгъотырэ къэралыгъо учреждениеу «Кубанскэ къэралыгъо технологическэ университетыр» зыфиIорэм иректор, Краснодар краимрэ Адыгэ Республикэмрэ яапшъэрэ еджапIэхэм яректорхэм я Совет итхьаматэ фэгъэшъошэгъэнэу.

Гъэсэныгъэм ылъэныкъокIэ гъэхъагъэу яIэхэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу Iоф зэрашIэрэм апае щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм лъэпкъ гъэсэныгъэмкIэ изаслуженнэ IофышI»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**Киселева Валентинэ Иван ыпхъум** — гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ учреждениеу «Ю.К. ШъхьакIэмыкъом ыцIэкIэ щыт гурыт еджапIэу N 2-р» зыфиIоу Красногвардейскэ районым итым идиректор егъэджэн-пIуныгъэ IофымкIэ игуадз.

**Кобл Замирэ Юсыф ыпхъум** — гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ муниципальнэ учреждениеу «Д.А. Iэшъхьэмафэм ыцIэкIэ щыт гурыт еджапIэу N 1-р» зыфиIоу Шэуджэн районым итым IэкIыб къэралыгъуабзэхэмкIэ икIэлэегъадж.

ПсэолъэшIыным иIахьышхо зэрэхишIыхьагъэм ыкIи гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм апае щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ псэолъэшI»** зыфиIорэр **Даур Аэмат Муратэ ыкъом** — Адыгэ Республикэм икъэралыгъо унитарнэ предприятиеу «Гъогухэм яшIынкIэ гъэIорышIапIэу N 3-р» зыфиIорэм иIофышIэ фэгъэшъошэгъэнэу.

Адыгэ Республикэм и Президентэу
ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан

къ. Мыекъуапэ,
мэлылъфэгъум и 19, 2010-рэ илъэс
N 44

# ТапэкIэ къэхъущтыр тэры зэлъытыгъэр

БэмышIэу къалэу Мыекъуапэ «Iэнэ хъураем» изэхэсыгъоу щыIагъэм зэкIэ политическэ партиехэм, общественнэ организациехэм ыкIи движениехэм, дин конфессиехэм ялIыкIохэр хэлэжьагъэх. Ащ «Политическэ партиехэм ыкIи общественнэ организациехэм цIыфхэм япатриотическэ пIуныгъэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ апэуцужьыгъэным афэгъэхьыгъэ пшъэрылъэу яIэхэр» зыфиIорэ Iофыгъом щытегущыIагъэх.

А зэхэсыгъор зэхэзыщагъэхэр Афганистан ыкIи нэмыкI чIыпIэхэм ащыIэгъэ заохэм яветеранхэм якоординационнэ совет, АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи СМИ-мкIэ и Комитет, партиеу «Единэ Россием» дезыгъаштэхэрэм ясовет арых.

«Iэнэ хъураем» кIэухэу фэхьугъэхэм атетэу Адыгеим щыпсэухэрэм афэкIорэ джэпсалъэр аштагъ. Ащ кIэтхагъэх политическэ партие, общественнэ организацие, движение ыкIи дин конфессие 40-м ехъоу республикэм щызэхэщагъэхэм япащэхэмрэ ялIыкIохэмрэ.

**Лъытэныгъэ зыфэтшIыхэу Адыгеим щыпсэухэрэр!**

Демократическэ зэхъокIыныгъэхэр обществэм щышIыгъэнхэм фэзыщэрэ гъогум Урысыер рэкIо. Арэущтэу зыщыщыт лъэхъаным социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэхэмкIэ мэхьэнэ шъхьаIэ зиIэ Iофыгъохэм ащыщ урысые обществэу цIыф лъэпкъыбэ зыхахьэрэр зэкъогъэуцогъэныр, ащ къыхэкIэу тэ зэкIэми ыкIи тикIалэхэм, зэкIэ тихэгъэгу тапэкIэ къапыщылъыр гъэнэфэгъэныр типшъэрылъ.

Адыгеим щыпсэухэрэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм азыфагу сыдигъуи зэкъошныгъэ-ныбджэгъуныгъэ пытэ илъыгъ. Тэ, политическэ партиехэм, общественнэ организациехэм, движениехэм ыкIи дин конфессиехэм ялIыкIохэм, шIошъхъуныгъэ пытэ зыфытиIэр цивилизованнэ ыкIи хэхъоныгъэшIу зышIырэ республикэ дгъэпсыным ищыкIэгъэ кIуачIэр зэкIэ зэрэзэкъоуцощтыр ары.

Адыгэ Республикэм ипащэхэм, политическэ партиехэм, общественнэ организациехэм, движениехэм ыкIи дин конфессиехэм ялIыкIохэм лъэпкъ, политическэ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къэмыгъэхъугъэнхэмкIэ ищыкIэгъэ IофшIэныр ренэу зэшIуахы.

Тэ зэкIэми пытэу тызэкъотэу тинарод ишIоигъоныгъэхэм апае Iоф тшIэн фае, социальнэ IэпыIэгъоу цIыфхэм аIэкIэдгъахьэрэр нахьыбэ шIыгъэным ыкIи граждан хэр зэкIэ къэухъумэгъэнхэм тишъыпкъэу тапымылъы хъущтэп. Пшъэрылъэу тиIэр интернационализмэм, къош ныбджэгъуныгъэм ыкIи цIыф лъэпкъэу республикэм щыпсэухэрэм язэгурыIоныгъэ культурэм иучреждениехэр, гъэзетхэр, радиор ыкIи телевидениер дгъэфедэхэзэ нахь дгъэпытэнхэр ары. ЗэкIэми тызэкъотэу обществэм ыкIочIэ лъэшхэр дгъэфедэхэзэ, тилъэпкъ ифэшъошэ щыIэныгъэ дгъэпсын тлъэкIыщт.

**ТичIыпIэгъу лъапIэхэр!**

Адыгеир — зэкIэми тызэгъусэу ыкIи ащ ицIыф пэпчъ зыщыпсэурэ чIыпI.

Тинахьыжъхэм ыкIи тиныбжьыкIэхэм яIушыгъэ, япатриотизмагъэ, яинтернационализмагъэ ыкIи ягражданственэ еплъыкIэ кIочIэшхо зэряIэр тшIошъ мэхъу, ти Хэгъэгушхо тапэкIэ зыфэкIощтыр тэ зэкIэми къытэлъытыгъ. Терроризмэм тыпэуцужьыныр тэ типшъэрылъ шъхьаI.

## Медальхэр аратыжьыгъэх

**В. И. Ленинир къызыхъугъэр илъэси 140-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ зэхахьэу Мыекъуапэ щыкIуагъэм КПРФ-м хэтхэр хэлэжьагъэх. Общественнэ Iофхэр дэгъоу зыгъэцакIэхэрэм юбилей медальхэр аратыжьыгъэх.**

КПРФ-м и Адыгэ реском иапэрэ секретарэу В. Ф. Сорокалет зэхахьэм къызыщигъэщыIэм, В. И. Лениным ищыIэныгъэ гъогу тарихъым инэкIубгъохэм зэрахэмыкIуакIэрэр, революционнэ IофыгъохэмкIэ зэрапылъыгъэр, гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэ мэхьэнэ ин зэраритыщтыгъэр, нэмыкIхэри хигъэунэфыкIыгъэх.

В. И. Ленинир къызыхъугъэр илъэси 140-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ юбилей медальхэр КПРФ-м хэтхэм В. Сорокалет аритыжьыгъэх. Партием иветеранхэу Евгений Саловыр, ЦIыкIу Казбек, Ацумыжъ Казбек, Михаил Кабановыр, нэмыкIхэри зэIукIэм къыщыгущыIагъэх.

— ЯпчъагъэкIэ бэ мыхъурэ лъэпкъхэм цIыф гъэсагъэхэр яIэнхэм, еджапIэхэр къызэIуахынхэм, яшэн-хабзэхэр къаухъумэнхэм афэшI В. И. Лениным политикэу зэрихьэщтыгъэм шIогъэ ин къафихьыгъ, — къыщиIуагъ зэIукIэм Ацумыжъ Казбек. — Адыгеим автономие къыратыным, зиужьыжьыным игъогу теуцоным пае революциеу 1917-рэ илъэсым щыIагъэм тарихъ мэхьанэ иIагъ.

НыбжьыкIэхэр еджэнхэм, ашIогъэшIэгъон сэнэхьатхэм зафагъэсэным, мыхъо-мышIагъэхэр зэрамыхьанхэм, ячIыгу, яхэгъэгу агъэлъапIэхэу пIугъэнхэм пае КПРФ-м хэтхэм революционнэ, лIыхъужъ ыкIи лэжьэкIо щытхъум инэшанэхэм афэшъыпкъэхэу пIугъэнхэм коммунистхэр зэрэпылъыщтхэр зэIукIэм къыщаIуагъ.

Художественнэ ансамблэм хэтхэм яконцерткIэ зэхахьэр аухыгъ.

*САХЬИДЭКЪО Нурбый.*

## МэфэкI фаб




Тыгъуасэ, мэлылъфэгъум и 20-м, Лъэпкъ библиотекэм зэлъашIэрэ журналистэу, IофшIэкIо мыпшъыжьэу, зикъэлэмыпэ тхыгъэ дэгъубэр къыпыкIэу, тхылъхэу (2 мэхъу) «ШушIагъ», «Лъэпкъым ымакъ» зыфиIохэрэм яавторэу ЛIэхъусэжъ Хьаджэрэтбый итворчествэ фэгъэхьыгъэ мэфэкI-лъэтегъэуцо щыIагъ. Ар зигулъытэ къыхьыгъэр гъэзетэу «Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу Дэрбэ Тимур.

МэфэкIым тиреспубликэ ихэшыпыкIыгъэ цIыф еджэгъэ-гъэсэгъэшхуабэ хэлэжьагъ. Ахэр арых Хьаджэрэтбый иочерк зэфэшъхьафыбэу тхылъхэм нахьыбэу къадэхьагъэр зыфэгъэхьыгъэхэр.

«ШушIагъ» зыфиIорэ тхылъ ушъэгъитIум цIыф къызэрыкIо лэжьэкIо Iапшъэхэми, зэо машIом хэтыгъэхэми, щыIэкIэ-псэукIэм пкъэу папкIэу иIагъэхэми чIыпIэ щаубытыгъ.

Лъэтегъэуцор зэрэкIуагъэр нахь игъэкIотыгъэу тигъэзет къыхьащт.

*МАМЫРЫКЪО Нуриет.*

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу ТхьакIущынэ Нинэ Кытэ ыпхъум идунай зэрихъожьыгъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ. Къинэу къыпфыкъокIыгъэр щэчыгъошIу къыпфешI. Ори, уиунагъо исхэми пытагъэ къызхэжъугъаф.

Абхъаз Республикэм и Президентэу Сергей Багапш.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу Нинэ игъонэмыс зэрэхъугъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ. Уигукъао къыбдэсэгощы, ори, уиунагъо исхэми, уиIахьылхэми сышъуфэтхьаусыхэ.

Республикэу Дагъыстан и Президентэу М. Магомедов.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу Гъунэжьыкъо Нинэ Кытэ ыпхъур игъонэмыс зэрэхъугъэр лъэшэу сыгу къеуагъ. Уигукъао къыбдэсэгощы, сыкъыбдэшъыгъо.

Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэ игуадзэу, Адыгэ Республикэм иполномочнэ лIыкIоу Урысые Федерацием и Президент дэжь щыIэу М.К. Хьапсирэкъу.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу Нинэ идунай зэрихъожьыгъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ. ЗышIэщтыгъэ цIыфхэм агу ар шIукIэ егъашIи къинэжьыщт. Уикъин къыбдэсэгощы.

Астрахань хэкум игубернаторэу А.А. Жилкин.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Ори, уиунагъо исхэми сышъуфэтхьаусыхэ пшыпхъоу ТхьакIущынэ Нинэ Кытэ ыпхъум идунай зэрихъожьыгъэм фэшI. Къинэу къыпфыкъокIыгъэр щэчыгъошIу пфэхъунэу сыфай. Ори, уиIахьылхэми сышъуфэтхьаусыхэ.

Валерий Аршба.

---

Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Президентрэ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие лъэшэу гухэкI ащыхъоу муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» ипащэ игуадзэу Гъунэжьыкъо Иринэ Хьанджэрый ыпхъум фэтхьаусыхэх ащ янэу Гъунэжьыкъо Нинэ Кытэ ыпхъум идунай зэрихъожьыгъэм фэшI.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу ТхьакIущынэ Нинэ Кытэ ыпхъум идунай зэрихъожьыгъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ, уикъин къыбдэсэгощы, сыпфэтхьаусыхэ.

ФедерациемкIэ Советым хэтэу А. Хьащыр.

---

Адыгэ Республикэм и Президентрэ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие, Адыгэ Республикэм и Президентрэ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие и ГъэIорышIапIэу къэбархэмрэ документхэмрэ ягъэхьазырын фэгъэзагъэр лъэшэу гухэкI ащыхъоу мы ГъэIорышIапIэм иотдел испециалист-эксперт шъхьаIэу Къудаикъо Иннэ Валерий ыпхъум фэтхьаусыхэх янэжъэу Гъунэжьыкъо Нинэ Кытэ ыпхъур зэрэщымыIэжьым фэшI.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу Нинэ идунай зэрихъожьыгъэр гухэкIышхо сщыхъугъ ыкIи сыбдэшъыгъо.

Урысые Федерацием и Къэралыгъо Думэ идепутатэу Хьаджэбыекъо Руслъан.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъу идунай зэрихъожьыгъэр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ. Къинэу къыпфыкъокIыгъэр къыбдэсэгощы, сыкъыбдэшъыгъо.

Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм и Президентэу А. Къанэкъу.

---

Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Пшыпхъоу Нинэ зэрэщымыIэжьыр лъэшэу гухэкI сщыхъугъ, уикъин къыбдэсэгощы, сыпфэтхьаусыхэ.

Урысые Федерацием и Президент и Полномочнэ лIыкIоу Къыблэ федеральнэ шъолъырым щыIэ В. Устиновыр.

ГЪЭКІЭЖЬЫН ІОФШІЭНХЭР

# КЪЭЛЭ ПАРКЫМ нэмыкІ шъыпкъэу ЗИХЪОЖЬЫЩТ

**Тигъэзет пчъагъэрэ къызэрэхиутыгъэу, къалэу Мыекъуапэ изыгъэпсэфыпІэ парк гъэкІэжьын ІофшІэнышхохэр зыщырагъэжьагъэр мэзэ заулэ хъугъэ. А пІалъэм къыкІоцІ бюджет мылъкур аІэ къырагъэхьаным епхыгъэ ІофшІэнэу зэшІуахыгъэхэм, тапэкІэ ашІэнэу къафэнагъэхэм къатедгъэгущыІэ тшІоигъоу джырэблагъэ зыІудгъэкІагъ конкурсым текІоныгъэр къыщыдихи генподрядчикэу агъэнэфэгъэ «Аквастройсервис» зыфиІорэм ипащэу Валерий Мешалкиным.**

Ащ къызэрэтфиІотагъэмкІэ, зыцІэ къетІогъэ организацием паркыр зэтегъэпсыхьажьыгъэным ехьылІэгъэ ІофшІэнхэмкІэ субподряд организациеу игъус «Стройсервис «Динара» зыцІэр. Джащ фэдэу нэмыкІ лотхэмкІэ текІоныгъэхэр конкурсым къыщыдахыгъэхэу гъэкІэжьын ІофшІэнхэм ахэлажьэх Геннадий Дуденковыр зипэщэ организациеу «Адыгэлектромонтаж» зыфиІорэмрэ зэфэшІыгъэ акционер обществэу «Адыггазымрэ».

— Паркым игъэкІэжьын ехьылІэгъэ конкурсым тиорганизацие лотищ къыщыдихыгъ, — еІо Валерий Мешалкиным агъэцэкІэнэу щыт ІофшІэнхэм тащигъэгъуазэзэ. — Зы лотыр паркыр зэтегъэпсыхьагъэным: гъогухэм плиткэр ательхьагъэным, чъыгхэр гъэтІысыгъэнхэм, клумбэхэр гъэпсыгъэнхэм яхьылІагъ. ЯтІонэрэ лотыр псымрэ канализациемрэ япхыгъэ ІофшІэнхэр ыкІи ящэнэрэр фонтаныр гъэпсыгъэныр ары зэхьылІагъэхэр.

ЫпшъэкІэ зыцІэ къыщетІогъэ организацие пэпчъ тызызэІукІэгъэ мафэм, мэлылъфэгъум и 16-м, ехъулІэу ыгъэцэкІэгъэ ІофшІэнхэм къатегущыІэзэ генподрядчикым ипащэ бэмэ тащигъэгъозагъ. «Динарэм» жъы хъугъэ чъыгэу агъэнэфагъэхэр рихыкІыгъэх, такъэхэр къычІихыгъэх ыкІи дищыгъэх. КъэІуагъэмэ хъущт ежьхэм раупкІыгъэхэм ыкІи ыпэкІэ раупкІыгъэгъэ чъыгхэм алъэпсэ ин дэдэхэу ыкІи экскаваторымкІэ къычІахыхэмэ кранымкІэ автомашинэм ралъхьэхэзэ, 140-м ехъу зэрэдащыгъэр. Ащ къыкІэлъыкІоу зэкІэ паркым лъэсрыкІуапІэу иІагъэхэм асфальтэу ателъыгъэр атыратхъыжьи дащыгъ.

ЛъэсгъогухэмкІэ кІохэзэ псыр зэрыкІощт трубэхэр, канализациехэр, электро- ыкІи газрыкІуапІэхэр ачІэлъхьэгъэнэу проектым егъэнафэшъ, технологиехэм зэкІэлъыкІуакІэу яІэр мыукъогъэным фэшІ, пэшІорыгъэшъэу коммуникацие пстэури агъэпсыгъ ыкІи ахэм япхыгъэ ІофшІэнхэр зыцІэ къетІогъэ организациехэм атыгъэх. Электричествэм епхыгъэу ыужкІэ агъэцэкІэжьын фаехэр зэрэщыІэхэм елъытыгъэу, амыухыгъэхэм къафагъэзэжьын фаеу хъущт. Паркыр къэзыгъэнэфыщт остыгъи 120-м ехъу дагъэуцуагъ, ыужкІэ ахэм остыгъэхэр апалъхьажьынхэ фае. Генподряд организацием ипащэ къызэриІуагъэмкІэ, зэкІэ ІофшІэнэу агъэцэкІагъэхэр пэрыт технологиехэм атегъэпсыкІыгъэхэу джырэ уахътэм дэзыштэрэ материалхэр агъэфедэхэзэ зэшІуахыгъэх.

Джы мы мафэхэм «Динарэм» ипсэолъэшІхэр лъэсгъогухэр зэныбжь шІыгъэнхэм ыкІи плиткэхэр ахэм ателъхьэгъэнхэм фэгъэхьазырыгъэнхэм фежьагъэх. Пшэхъо-мыжъокІэ зэхэлъыр, нэмыкІэу агъэфедэщтхэр къыращалІэх, зэрагъэзэфэх, гъогубгъухэм бордюрхэр аІуагъэуцох. Ахэр заухыхэрэ ужым алырэгъум фэдэу уцхэр къызыщагъэкІыщт чІыпІэхэм чІыгу аратэкъощт, чылапхъэхэр ащапхъыщтых, чъыгхэр, куандэхэр гъэтІысыгъэнхэм фежьэщтых.

— Республикэм ыкІи къалэм япащэхэм игъо зэралъэгъугъэм тетэу паркым икъыдэхьапІэкІэ иІэ аллеим ыбгъуитІукІэ лъагэу къэкІырэ чъыг лъэпкъ дэхэ дэдэхэр щыдгъэтІысыщтых, — лъегъэкІуатэ икъэІотэн Валерий Мешалкиным. — Ащ фэдэ чъыг лъэпкъхэр тиреспубликэ къыщагъэкІыхэрэпышъ, Краснодар къыщытщэфынхэу зэзэгъыныгъэ адэтшІыгъ. Джащ фэдэу чъыгхэр, куандэхэр проектым зэригъэнафэрэм тегъэпсыкІыгъэу нэмыкІ чІыпІэхэми ащыдгъэтІысыщтых.

«Аквастройсервисым» пшъэрылъ шъхьаІэу иІэр фонтаныр гъэпсыгъэныр ары. Ар зырагъэжьагъэм къыщыублагъэу гъучІбетоныр гъэчъыгъэным ехьылІэгъэ ІофшІэныбэ агъэцэкІагъ. Мэшэ куоу ратІыкІыгъэм, фонтаным Іоф езыгъэшІэщт электро- ыкІи электроннэ оборудованиер зычІэтыщтым ычІэ рагъэчъыкІыгъ. Нэужым фонтаным ычІэ зытетыщт гъучІбетон лъагэу хъурэешхоу гъэпсыгъэр агъэчъыгъ. Мы мафэхэм ащ ыбгъу псыр къемыкІуалІэу щытыным пае ар зэтезыІэжэщт изоляциер щафэгъахэу, мыжъуакІэр тІуакІэм датакъозэ аубэжьы. Мы ІофшІэныр пэрыт технологиехэм зэратегъэпсыкІыгъэр къытфиІуатэзэ ыкІи къытигъэлъэгъузэ Валерий Мешалкиным тынаІэ зэрэтырытигъэдзагъэмкІэ, нахьыпэм битумрэ рубероидрэ зэрагъэфедэщтыгъэхэм текІыжьыгъэх. ІэкІыб хэгъэгухэм къащагъэхьазырре веществохэр чІыпІэм щызэхагъэкІухьэхэзэ гъучІбетон гъэчъыгъэм щэгъогогъо щафэрэр шІыкІэ пстэуми анахь пэрытхэм ащыщ. ЗыгорэкІэ гъучІбетоным чагъэ фэхъумэ, веществоу ащ хэлъхэр чагъэм дахьэхэшъ, агъэпытэ ыкІи ыужкІэ псыр пхырыкІын ымылъэкІынэу егъэпсы. ЕтІани битумыр къэбгъэжъон ыкІи уиуцІэпІзэ щыпфэн фаеу зэрэщытым мы шІыкІэр фэдэп. ГъучІбетоныр агъэчъыным пае бетоныр къамыщэфэу, ежь рабочхэм чІыпІэм щызэхагъэкІухьэ. А шІыкІэр уасэхэр нахь пыутэу къызэрафекІущтхэ закъор арэп зыкІагъэфедэрэр. Заводым къышІырэм идэгъугъэ ыгъэразэщтыгъэхэп.

Фонтаным ехьылІагъэуи бэ къытфиІотагъэр. КъызэрэтІуагъэу, ащ ычІэгъкІэ чІэтыщт зэкІэ фонтаным Іоф езыгъэшІэщт электро- ыкІи электроннэ оборудованиер. Ащ учІэхьан ыкІи учІэтын плъэкІынэу гъэпсыгъэщт. Ежь псыр зэрытыщтыр чІышъхьашъом сантиметрэ 60 ныІэп къызэрэтеІэтыкІыгъэщтыр. Насос пчъагъэмэ фонтаным Іоф рагъэшІэщт. Ахэри псыр зыукъэбзыщт фильтрэхэри ІэкІыб къэралыгъохэм къащашІырэ лъэпкъых. Джащ фэдэу гъэмэфэ фэбэшхом илъэхъанэ псым икъэбзагъэ зэщымыкъоным пае вещество зэфэшъхьафхэр хагъэкІухьэхэзэ ашІыщт. Лениным ыцІэ зыхьырэ гупчэм щагъэпсыгъэм фэмыдэу, ахэм псэу агъэфедэрэм жьы хатІупщыхьэзэ, нэужым тхъурбэ хъугъэу къыдифыещт. Орэд пчъагъэ къебгъэІон плъэкІыщт. Ахэм адыгэ мэкъамэхэри ахэтыщтых. Электроникэр Ростов дэт организациеу «Триак» зыцІэм къыщагъэхьазыры. Орэдхэр фонтаным зэрепхыгъэщтхэ шІыкІэр гъэтэрэзыгъэным пае, Адыгэ телевидением студие шІыкІэм тетэу ахэр къыщытыратхэнхэ фаеу къэлъэІуагъэхэти, Адыгэ Республикэм и Президент пшъэрылъ афишІыгъ ахэр егугъухэзэ къагъэхьазырынхэу. ОператоритІум фонтаным Іоф рагъэшІэщт. Ащ нэмыкІэу, сотовэ телефонхэм ауасэ зэратырэ аппаратым фэдэ Іэгъо-благъом щагъэуцунышъ, фаем ащ ахъщэ дидзэзэ, фонтанымрэ мэкъамэмрэ ежьхэм агъэІорышІэн алъэкІынэу гъэпсыгъэщт. Фонтаным ычІэ уашъом ехьщырэу шъо иІэщт, ыкІоцІ щыІэ бгъухэр мозаикэ шІыкІэм тегъэпсыкІыгъэщтых, ышъхьагъкІэ мрамор мыжъо фыжь лъэпкъхэр тегъэпкІэгъэщтых, ыкІыбэу цІыфхэр къызэреплъыщтхэмкІэ щыІэ идэпкъхэр мозаикэкІэ гъэкІэрэкІэгъэщт. КІэкІэу къэпІон хъумэ, дэхэ дэдэу гъэпсыгъэщт.







— Проект-сметэ тхылъхэм зэрагъэнафэрэмкІэ, мэкъуогъум и 30-м ехъулІэу къэлэ паркым игъэкІэжьын ехьылІэгъэ ІофшІэн пстэури тыухынхэ фае, — еІо Валерий Мешалкиным тиупчІэ джэуап къыритыжьзэ. — Ащ пае псэолъэшІ-монтаж ІофшІэнхэм зэкІэ япхыгъэ лъэныкъохэр зэкІэлъыкІоу зэшІотэхых. Пкъыгъоу хэтлъхьащтхэм янахьыбэр ІэкІыб хэгъэгухэм къащашІырэ лъэпкъхэм афэдэхэшъ, ахэм ащыщхэр къэтщэфыгъахэх, къытфарагъэщэнэу щытхэми тяжэ. Ауми, псэолъэшІ-монтаж ІофшІэнхэм яхьылІагъэу къэпІон хъумэ, процент 60 — 65-м нэсэу ахэр дгъэцэкІагъэхэу пІон плъэкІыщт.



Ежьхэм зэшІуахынэу щытхэмкІэ пІалъэу агъэнэфагъэм ыуж къызэримынэщтхэр тигущыІэгъу хигъэунэфыкІыгъ. Ау ыужым ежьхэм ямыхьылІагъэу, ау паркым игъэкІэжьын епхыгъэхэу нэмыкІ организациехэм агъэцэкІэнхэу къыІуагъэхэм зэкІэри заухыщт пІалъэр тІэкІу зэкІаригъэхьан фаеу къытщигъэхъугъ. ГущыІэм пае, Мыекъопэ къэлэ администрацием Волгоград дэт ІофшІапІэ горэм зэзэгъыныгъэ дишІыгъэу, паркым зэкІэ кІэлэцІыкІухэм апае дэтыгъэ аттракционхэр зэблэхъугъэнхэм фежьагъэх. Жъы хъугъэхэр Іуахыжьыгъэх, ахэм ачІыпІэкІэ кІэхэр агъэуцух. ЗэкІэмкІи аттракцион 20 фэдиз щагъэуцущт. УкъырищэкІзэ къалэр ышъхьагъкІэ озыгъэлъэгъурэ щэрэхъышхоу дэтри ащ бэкІэ нахь инэу гъэпсыгъэмкІэ зэблахъущт. Ар стадионым ылъэныкъокІэ укІо хъумэ ныбжьыкІэ къэшъопІэ къэшІыхьагъэу иІэм дэжькІэ щагъэпсыщт. Джащ фэдэу паркым идэхьапІэ исэмэгу лъэныкъокІэ гъэмэфэ кинотеатрэу щытыр Іуахыжьынышъ, ащ ычІыпІэкІэ джырэ уахътэм тегъэпсыкІыгъэ кинотеатрэ щагъэпсын агу хэлъ. Ащ залищ хэтыщт. Зыр кІэлэцІыкІухэм атегъэпсыхьэгъэщт. Джащ фэдэу ашІырэ фонтаным икъыблэ лъынықъокІэ щыІэу нэпкъым ехыпІэхэр фашІыщтых, а чІыпІэри плиткэхэмкІэ апкІэщт ыкІи псымкІэ, къушъхьэ лъэныкъомкІэ плъэхэзэ зыщызыгъэпсэфы зышІоигъохэм апае тетІысхьапІэхэр фашІыщтых. Мы зэпстэур къэлэ паркыр гъэкІэжьыгъэным епхыгъэ ІофшІэнхэм къыдалъытэшъ, ыпшъэкІэ къызэрэщытІуагъэу, зэкІэри затыщтхэ пІалъэу агъэнэфагъэр зэкІахьанкІи пшІэхэнэп. Ау, тэ къызэрэтшІошІырэмкІэ, нахь мэхьанэ зэтыгъэн фаер пІалъэу агъэнэфагъэм ехъулІэу ІофшІэнхэр зэшІуахын закъор арэп, зэкІэри дэгъоу гъэпсыгъэныр ары. Сыда пІомэ къызыщытшІэжьыщтым къыщыкІэдзагъэу джы къызнэсыгъэм ащ фэдиз мылъкушхо пэІуагъахьэзэ, къэлэ паркыр агъэкІэжьэу къыхэкІыгъэп.

*СЭХЪУТЭ Нурбый.*

**ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС ИПЭГЪОКI**

# «ЛIыхъужъынығъэм ищыс»

Джар ыцIэу Адыгэ Республикэм ишыкъэгъэчъапIэ бэмышIэу щыIэгъэ цIыф зэхахьэр гъэшIэгъонэу кIуагъэ. Мы мафэм ар лозунгхэмрэ транспарантхэмрэкIэ гъэкIэрэкIэгъагъэ, духовой оркестрэм Хэгъэгу зэошхом фэгъэхьыгъэ патриотическэ мэкъамэхэмрэ маршхэмрэ къыригъаIощтыгъэх. Выставкэу щызэхащэгъагъэм МВД-м, МЧС-м, РОСТО-м (ДОСААФ-м), джащ фэдэу Мыекъопэ гарнизоным идзэ частьхэм аIэкIэлъ техникэр къыщагъэлъэгъуагъ. Трибунэхэм чIыпIэ нэкI ямыIэжьэу, джарэу цIыфыбэ атесыгъ. Ахэр Мыекъуапэ иеджэпIэ заведениехэм, республикэм ирайонхэм къарыкIыгъэгъэ ныбжьыкIэх, муниципальнэ гъэпсыкIэ зиIэ организациехэу Адыгэ Республикэм щызэхэщагъэхэм ялIыкIох. Краснодар икъэлэ ветеран организациеу И.А. Рыбалко зипащэм илIыкIохэри лIыхъужъ урокым хэлэжьагъэх.

Анахь тIысыпIэ тэрэзхэу шыкъэгъэчъапIэм иIэхэм атесыгъэх Хэгъэгу зэошхом хэлэжьэгъэ ветеранхэр. ЕтIани къалэу Мыекъуапэ, Адыгэкъалэ, республикэм ирайон ветеран советхэм ятхьаматэхэм ягъусэхэу къекIолIагъэх зэошхом хэлэжьагъэхэм анэмыкIэу, тылым щылэжьагъэхэу Хэгъэгу зэошхом иветераныцIэ зыхьыхэрэри.

Сыхьатыр 11 зэхъум духовой оркестрэм фонфарэм ымакъэ къегъэIу. ЛIыхъужъ урокыр псэлъэ кIэкIыкIэ къызэIуихыгъ дзэ къулыкъум иветеранэу, Адыгэ РеспубликэмкIэ РОСТО-м (ДОСААФ-м) итхьаматэ игуадзэу Леонид Рудяк.

— Илъэсхэр макIох, илъэсипшIыхэр къызэтэнэкIых, — еIо ащ. — ЦIыфым ынэгу кIэкIыгъэ хъугъэ-шIагъэхэм ащыщхэр щэгъупшэжьых. Ау егъашIэми ащымыгъупшэжьыщтыр Хэгъэгу зэошхоу илъэсиплI зыукъудыигъэр ары. Нэмыц-фашист техакIохэм ядзэхэр СССР-м къытебанэхи, таштэнэу пылъыгъэх. Ау ар къадэхъугъэп. Тихэгъэгу и УIэшыгъэ КIуачIэхэм ядзэкIолIхэм а лъыгъэчъэ заом лIыгъэу ыкIи блэнагъэу щызэрахьагъэхэм яшIуагъэкIэ, текIоныгъэр тэтыеу заор аухыгъ. Адыгэ Республикэм ирегиональнэ планэу «ТекIоныгъ» зыфиIорэм къыщиIохэрэм атегъэпсыкIыгъэу лIыхъужъхэм яурокхэу икIыгъэ илъэсым къыщегъэжьагъэу зэхащэрэмэ мыри ащыщ.

ЛIыхъужъхэм яурок рагъажьэ. Апэу ар къызэIузыхыгъэр быракъзехьэ купышхоу трибунэ пашъхьэм къыблэкIыгъэр ары. Урысые Федерацием, Адыгэ Республикэм, ТекIоныгъэм, РОСТО-м (ДОСААФ-м) иреспубликэ организациехэм ябыракъхэр зыIыгъыхэу дзэкIолI купэу духовой оркестрэм къыригъэIорэ маршым дырагъаштэзэ, къыблэкIыгъэм къекIолIагъэхэр бэрэ Iэгу афытеуагъэх.

Апэу къэгущыIагъ Адыгэ Республикэм ивице-премьерэу А.Г. Петрусенкэр. ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэсэу къэблагъэрэм пае ар къекIолIагъэхэм къафэгушIуагъ ыкIи мэфэкI зэхахьэм мэхьанэу иIэм къытегущыIагъ.

— ЖъоныгъуакIэм и 9-м щыIэщт мэфэкIышхом зэрэхэгъэгоу зыфегъэхьазыры, — ыIуагъ А.Г. Петрусенкэм. — Зэошхом хэлэжьагъэхэр, гукъау нахь мышIэми, нахь макIэ мэхъух. Ахэр тщыгъупшэхэрэп. Мары заом хэлэжьэгъэ нэбгыри 168-мэ унэхэр аратыщтых е яунэхэр афагъэцэкIэжьыщтых. Ветеран 46-мэ унэхэр аратыгъахэх. Арышъ, республикэм ипащэхэм ахэр янэплъэгъу рагъэкIыхэрэп. Ветеранхэм яреспубликэ Совет зэхищэгъэ дзэ-тарихъ эстафетэу «Правда о войне» зыфиIорэм непэрэ зэхахьэри щыщ.

ЛIыхъужъхэм яурок къыщыгущыIагъэх Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэу, боевой ордениплI зишъуашэу, 1945-рэ илъэсым ТекIоныгъэм и Парадэу Москва щыIагъэм хэтыгъэу, полковникэу Г.И. Смирновыр, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу Мырзэ Джанбэч, заом, IофшIэным, УIэшыгъэ КIуачIэхэм ыкIи правэухъумэкIо органхэм я Адыгэ республикэ Совет итхьаматэу Г.В. Бартащук, контр-адмиралэу М.М. Тхьагъэпсэур, нэмыкIхэри.

— ИкIыгъэ илъэсым ыгузэгухэм адэжь къыщегъэжьагъэу ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэс мэфэкIышхом зыфэтэгъэхьазыры. Ар къэсынкIэ макIэ уахътэу къэнагъэр. Зэошхом хэлэжьэгъэ ветеранхэу зекIон зылъэкIэу къэнагъэхэм ащыщхэу нэбгыритIу Москва тэгъакIо. Хэлэжьэщтых ахэр Площадь Плъыжьым дэт парадэу жъоныгъуакIэм и 9-м щыIэщтым. Джащ фэдэу боевой наградэхэр зишъуашэхэр къэлэлIыхъужъхэу Волгоградрэ Новороссийскрэ, къалэхэу Ростов, ТIуапсэ кIощтых. Советскэ Союзым и ЛIыхъужъэу Андырхъое Хъусенэ зыщыфэхыгъэ селоу Дьяковэм (Луганскэ хэку, Украинэр) Адыгеим щыщ делегацие кIонэу зегъэхьазыры. Ар лIыхъужъыр къызыхъугъэр илъэс 90-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъ, — ыIуагъ Г.В. Бартащук.

ЛIыхъужъхэм яурок гъэшIэгъонэу кIуагъэ. РОСТО-м (ДОСААФ-м) епхыгъэ парапланерист клубым щыщхэм ошъогум къыщашIыгъэ къэгъэлъэгъонхэр къекIолIагъэхэм агу рихьыгъэх. ШыкъэгъэчъапIэм къышъхьащыбыбэхэзэ, упражнение зэфэшъхьафхэр ахэм бэрэ къашIыгъэх. Джащ фэдэу Кубанскэ къэзэкъыдзэм епхыгъэ Мыекъопэ отделым илIыкIоу И. Удаловыр шыоу пчэгум къилъади, сэшхор ыIыгъэу упражнение гъэшIэгъонхэр къышIыгъэх.

КъекIолIагъэхэм концертэу къафатыгъэм хэлэжьагъэх къэлэ паркым идуховой оркестрэ, АР-м культурэмкIэ изаслуженнэ IофышIэу Михаил Кабановыр, АР-м изаслуженнэ артистэу Михаил Арзумановыр.

Нэужым Краснодар иветеран къэлэ организацие итхьаматэу И.А. Рыбалкэрэ Мыекъопэ къэлэ ветеран организацием итхьаматэу Л.Я. Кочергарэ зэблэгъэныгъэу зэдыряIагъэр лъыгъэкIотэгъэныр къэзыушыхьатырэ тхылъым зэдыкIэтхагъэх.

***ШЫМЫГЪЭХЪУ Мурат.***
**Ветеранхэм яреспубликэ Совет ипресс-секретарь.**

# ТИПСАУНЫГЪЭ ЗЫФЭДЭЩТЫР гъомылапхъэу тшхырэм елъытыгъ

Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым хэт научнэ-ушэтэкIо гупчэу «Качество Жизни» зыфиIорэр кIэщакIо фэхъуи, джырэблагъэ «Iэнэ хъурае» ащ щызэхащэгъагъ. Ар зыфэгъэхьыгъагъэр ипсаунығъэ ахэм бэкIэ зэрялъытыгъэр къыдилъытэзэ, цIыфым къыщэфырэ гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэм ядэгъугъэ изытет зэригъэшIэн ылъэкIынэу гъэпсыгъэныр ары.

«Iэнэ хъураем» хэлэжьагъэх общественнэ организациеу «Адыгэ Хасэм» итхьаматэу Хьэпэе Арамбый, Адыгэ Республикэм мэкъу-мэщымкIэ иминистрэ игуадзэу Мыхьамэджэнэ Аслъан, ООО-у пивэшI заводэу «Мыекъуапэ» зыфиIорэм илаборант-химикэу Нэхэе Сусаннэ, УФ-м и Роспотребнадзор и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм иотдел ипащэу Инесса Коваленкэр, ООО-у «Акватерра-Амаль» зыфиIорэм иIофышIэу Бэрэхэштэ Ларисэ, Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым икIэлэегъаджэхэмрэ истудентхэмрэ.

Мы Iофтхьабзэм изэхэщакIоу, техническэ шIэныгъэхэмкIэ кандидатэу, эксперт-дегустаторэу, гъомылапхъэхэм ядэгъугъэ уплъэкIугъэнымкIэ Дунэе комиссием хэлэжьагъэу Голыкъо Мирэ къызэриIуагъэмкIэ, мыщ фэдэ «Iэнэ хъураехэр», научнэ-практическэ семинархэр, мастер-классхэр шэн шIагъо зэрафэхъугъэу, илъэс къэс университетым щызэхащэх.

— Мыщ фэдэ IофтхьабзэхэмкIэ тэ пшъэрылъ шъхьаIэу зыфэдгъэуцужьырэр къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм тучанхэм, бэдзэршIыпIэхэм гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэр къащащэфыхэ зыхъукIэ, товарым идэгъугъэ изытет зэрагъэшIэным иамалхэр ягъэгъотыгъэнхэр, опытэу аIэкIэлъхэмкIэ зэхъожьыгъэнхэр, мы Iофыгъом къызыдихьын ылъэкIыщт гумэкIыгъохэм ядэгъэзыжьын иамалхэр зехьэгъэнхэр ары, — къыIуагъ Голыкъо Мирэ.

«Iэнэ хъураем» изэхэщакIоу, естествознаниемкIэ кафедрэм икIэлэегъаджэу Бэгъушъэ Сафыет къызэриIуагъэмкIэ, мэлылъфэгъум и 15-м щэфакIохэм яфитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэм и Дунэе мафэу хагъэунэфыкIыгъ. Мы Iофтхьабзэри ащ тефэу зэхащагъ. Менеджер ыкIи маркетолог сэнэхьатхэр зэзыгъэгъоты зышIоигъо студентхэр ары мы Iофтхьабзэм хэлэжьагъэхэр. «Iэнэ хъураем» ыпэкIэ семинар-практикум щыIагъ.



Ащ хэлэжьэгъэ студентхэм алкоголь зыхэмыт шъоным, минеральнэ псым ыкIи щэм хэшIыкIыгъэ гъомылапхъэхэм ядэгъугъэ зыфэдэм зыщагъэгъозагъ, ежьхэм ашъхьэкIэ ауплъэкIугъэх. Ащ нэмыкIэу, гъомылапхъэр умыщэфызэ къэмланэм тетхагъэхэр къызэрэбгурыIощтыр, тетхэгъэнэу щытыр зэхафыгъэх. Нэужым «Iэнэ хъураем» ООО-у «Акватерра-Амаль», пивэшI заводэу «Мыекъуапэ» ыкIи дэгъэшI заводэу «Мамырыкъу» зыфиIохэрэм япродукциехэм язытет ауплъэкIугъ. КъызэрэхагъэщыгъэмкIэ, мыхэм ядэгъугъэ уехъырэхъышэжьынэу щытэп, уасэу яIэхэм зыкъагъэшъыпкъэжьы.

— ГухэкI нахь мышIэми, тучаным къыщищэфырэ гъомылапхъэм идэгъугъэ изытет зыфэдэр зэхэзыфын зылъэкIыщтэу щэфакIохэм ахэтыр макIэ, еIо Бэгъушъэ Сафыет. — Мафэ къэс цIыфым ышхырэ гъомылапхъэм идэгъугъэ елъытыгъ ащ ипсаунығъэ зыфэдэщтыр. Ау зэкIэми ар икъоу къагурыIорэп. КъагурэIоми Iофы зырагъэшIынэу, ащ яуахътэ тырагъэкIодэнэу фаехэп. Ащ пае непэ къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр мы Iофыгъом хэшIыкI фыряIэу къэтщэлIэнхэр, ахэм тэ шIэныгъэу ядгъэгъотырэр обществэм щагъэфедэжьын алъэкIынэу дгъэсэнхэр, гъэпцIагъэкIэ къыддэзекIорэ щакIохэм яфэшъошэ чIыпIэ ягъэгъотыгъэныр ары тэ тызыпылъыр. Непэ агъэпцIэгъэ щэфакIом ифитыныгъэхэр хэта къэзыухъумэщтыр? Ащ фэдэ органэу тиIэр тIу ныIэп: ахэр хьыкумымрэ Роспотребнадзорымрэ. Мыщ дэжьым къэIогъэн фае, ыпэкIэ Роспотребнадзорым щэпIэ чIыпIэхэр ыуплъэкIущтыгъэхэмэ, джы ащ фэдэ фитыныгъэхэр зэрэIахыжьыгъэхэр. ЕтIани нахь гъэшIэгъоныр, продукцием идэгъугъэ къизыIотыкIырэ, шIокI зимыIэ сертификат пылъын зэрэфэягъэр мы илъэсым имэзэе мазэ къыщегъэжьагъэу хабзэм зэрэщигъэзыягъэр ары. Ар къыхэмыхьэжьыгъэми тиIофхэр хъэтагъэхэп, джыры нэмыIэмэ, гъэпцIэным пылъ щакIохэм сыд фэдизэу фитыныгъэхэр аукъуагъэхэми, ащ зи хэпшIыхьан плъэкIыщтэп. Ащ нэмыкIэу мы IофтхьабзэмкIэ тэ мурадэу тиIагъэр зидэгъугъэкIэ къахэщырэ продукциер къыдэзыгъэкIыхэрэм IэпыIэгъу тафэхъуныр, ахэр нахь тэрэзэу цIыфхэм ядгъэшIэнхэр ары.

Сафыет къызэриIуагъэмкIэ, «Iэнэ хъураем» хэлэжьэгъэ студентхэм ямызакъоу, ащ къекIолIэгъэ хьакIэхэм лъэшэу афэраз. Анахьэу къыхигъэщыгъэхэр Хьэпэе Арамбыйрэ Мыхьамэджэнэ Аслъанрэ. Мы Iофыгъом фэгъэхьыгъэу ахэр дэгъу дэдэу къэгущыIагъэх. ЗэIукIэгъур гъэшIэгъонэу кIуагъэ, докладхэр къэзышIыгъэ студентхэмрэ хьакIэхэмрэ занкIэу зэдэгущыIэнхэ амал яIагъ. Ежь хьакIэхэми яеплъыкIэхэр студентхэм къафаIотагъэх, опытэу аIэкIэлъхэмкIэ адэгощагъэх.

***КIАРЭ Фатим.***

ЩЭПСЭУХ АДЫГЭХЭР ДУНАИМ

# Къанэкъохэр

КъанэкъокIэ яджэхэу Краснодар краим псэупIитIу ит. Зыр Успенскэ районым щыIэ адыгэ къоджищым яз, адрэр Успенскэм пэблагъэу щыс селоу Коноковыр ары. Ар къызыхэкIыгъэр литературнэ-творческэ общественнэ организациеу «Успенские зори» зыфиIоу Успенскэ районым щызэхащагъэм хэт тхакIоу, краеведэу И. Антюшиным къытфиIотагъ.

Селоу Коноковыр зыдэщытым дэжь я 18-рэ лIэшIэгъум черкесхэр (адыгэхэр) щыпсэущтыгъэх. Ахэр, къадэмыхъоу, бэрэ лъэIуагъэх псыхъоу Уарп пэблагъэу кощыжьыхэ ашIоигъоу. ЕтIанэ ячIыгухэр ащэжьыхи, Къанэкъо Къаспот япащэу зыкIэхъопсыщтыгъэхэ чIыпIэм къоджэ цIыкIу щагъэпсыгъагъэу къаIожьы. Ащи Къанэкъо фаусыгъагъ. А лъэхъаным къыщегъэжьагъэу адыгэхэр зыщыпсэухэрэ къуаджэу Къанэкъомрэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зыдэс (анахьэу цыганхэр) селоу Коноковымрэ щыIэхэ хъугъэ.

Адыгэхэм къуаджэр къызабгынэм зы кIэлэ цIыку ащ къыдэнэгъагъэу И. Антюшиным къеIотэжьы. Ар Шыбзыхъу Аюб арыгъэ. Къин къызэрэфэхъуштыри къыгурыIозэ, кIалэр ятэ къыгъэнэгъагъ. УблэпIэ еджапIэу къуаджэм дэтыр къыригъэухы шIоигъуагъ. ЕджакIэрэ тхакIэрэ ригъашIэхэмэ, ежьым къинэу зэпичыгъэхэм афэдэхэр ащ ыкъо ыпэкIэ къимыкIыныхэу гугъэщтыгъ.

Аюбэ еджапIэм ыуж семинарием (гурыт еджапIэм фэдагъ) чIэхьэгъагъ, нэужым кIэлэегъэджэ еджапIэр къыухыгъ. ЕтIанэ къуаджэр къыбгынэжьи, ежьым еджапIэ къызэIуихыгъагъ, ащ идиректорэу бэрэ Iоф ышIагъ.

Мы къэбарым краеведым къыпигъэхъожьыгъэри пшIэнкIэ гъэшIэгъоны. Адыгэ Къанэкъохэм къафэзыхьырэри зэряпхыгъэри ышIэрэп, ау джыри зы Къанэкъо Москва пэмычыжьэу зэрэщыIэр ышIагъ. А псэупIэр — къэлэ цIыкIу. Московскэ хэкум къикIыгъэу урыс бзылъфыгъэу Минводы зыщыIукIэгъагъэм ащ икъэбар къыфиIотэгъагъ. ПшIэнэп ари Къанэкъохэм яхъулъфыгъэ горэм ыцIэкIэ аусыгъэми...

**Непэрэ Къанэкъори къоджэшхоп.** Ау дунаим тет адыгэ чылэ пстэуми адэтхэм анахь дахэу мэщыт къыщашIы. КъаухынкIэ бэп къэнагъэр, гъэмафэм къызэIуахынэу ягухэлъ. Мэщытыр чылэм щыщ Петэ унагъом исхэм ямылъкукIэ ашIы. Псаунигъэрэ щыIэкIэшIурэ яIэнэу ахэм цIыфхэр афэлъаIох.

Мэщытыр зытет шъолъырым квадрат метрэ 800 къызэлъеубыты. Унэри, Iухьагъухэри, псыкъефэххэр зыдэщытхэри дэгъоу зэтегъэпсыхьагъэх. Хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ нэмаз зыщашIыщт унэхэр шъхьафых. ЫбгъукIэ медрысэр къыгот. Ефэнд ныбжьыкIэу, Къанэкъом щылэжьэнэу къэкIогъэ Хъут Мурат къызэрэтиIуагъэмкIэ, къурIаным еджэ зышIоигъохэр зэкIэ медрысэм щагъэсэщтых. Ащ дыкIыгъоу ныбжьыкIэхэм адыгэ лъэпкъым къыкIугъэ гъогу мыпсынкIэр зыфэдагъэри щарагъэшIэнэу ямурад.

Къоджэдэсхэм тхьэшIошъхъуныгъэ яI, бэмэ нэкIмазэр аIыгъ, нэмаз ашIы.

Аужырэ илъэсхэм чылэм еджапIэ иIэжьэп. Ащ сабыеу къекIуалIэщтыгъэхэр мэкIэ дэдэ зэхъухэм, ахэр Шъхьащэфыжь гурыт еджапIэм ащэхэу рагъэжьагъ. Ау сабый цIыкIоу цIыфхэм къакIэхъухьэхэрэм къахэхъо, ахэм апае чылэм кIэлэцIыкIу IыгъыпIэ къыдашIыхьанэу фаех. Мылъкоу ащ пэIухьэщтымрэ проектым игъэхьазырынрэ район къулыкъухэри, администрациери, предпринимательхэри къыхагъэлажьэхэ ашIоигъу.

Лъэпкъ культурэм и Мафэхэм ахэлэжьэгъэ къэшъокIо ансамблэу «Нэфыр» спортзалыр ары къызыщышъуагъэр. Къэгъэлъэгъоным ягуапэу цIыфхэр еплъыгъэх, зэрагъэчэфыгъэхэмкIэ «тхьашъуегъэпсэу» къараIуагъ.


Къуаджэм ыцIэ зыIэтхэрэр.


Къанэкъом щашIыгъэ мэщытыр.


КIэрмыт Мухьдинэ Кургъокъом къыщыпэгъокIых.

# Кургъокъохэр

Кургъокъохэр хьакIэхэм дахэу къапэгъокIыгъэх, щыгъупIастэр зэкIэм апэ къырагъэшъыгъ.

Къоджэ цIыкIум нэбгырэ 500-м ехъу щэпсэу, заом ветеранэу зи дэсыжьэп, IофшIэным иветеранхэм япчъагъэ 40-м нэсы.

ЦIыфхэр зэгурэIох, рэхьатныгъэ ахэлъ, адыгэ хабзэр зыщагъэгъупшэрэп, ягумэкIи ягушIуагъуи зэдаIэты.

Чылэм еджапIэ, клуб, библиотекэ, тучан, мэщыт дэтых. Клубыр цIыфкIуапIэу щыт. Ащ бэшIагъэу гъэцэкIэжьынхэр ищыкIагъэх, ау Iоф щызышIэхэрэм зэралъэкIэу къабзэу аIыгъ, алъэкIыщтыр рашIылIэ. Мыщ кIэлэцIыкIухэм адыгэ къашъохэр щарагъашIэх, сурэтхэр щарагъэшIых. Яамал къызэрихьэу агъэхьазырырэ къэгъэлъэгъонхэр район зэнэкъокъухэм ащыплъэгъуущтых. Джащ фэдэу Адыгеим лъэпкъ фестивалэу щызэхащэхэрэми ахэр ахэлажьэх. Клубым игъэцэкIэжьынкIэ къагъэгугъагъэхэшъ, ашIуабэ дашIэу ащ ежэх.


Зэрэчылэу концертым еплъы.

Кургъокъом имызакъоу Успенскэ районым ит адыгэ къоджищми ащыпсэухэрэр анахьэу зыгъэгумэкIыхэрэр ахэм IофшIапIэхэр зэрадэмытхэр ары. Район гупчэм, Ермэлхьаблэ кIохэзэ, Iоф ащызышIэхэрэр чылэхэм адэсых. Гъэмэфэ уахътэм псэолъэшIхэм агохьэх, чIыпIэ зэфэшъхьафхэу псэуалъэхэр зыщашIыхэрэм къащэлажьэх. Къоджэдэсхэм яхатэхэр алэжьых, чэмхэр, чэтхэр ахъух.

ТапэкIэ чIыпIэ колхозым гектар миным ехъоу иIэгъэ чIыгухэр джы Iэхьэзэхэлъ-зэдэлэжьэпIэ хъызмэтшIапIэхэм алэжьых. Зылъэ пытэу теуцуагъэхэм ащыщых Мэкъоо зэшхэу Рэщыдэ, Руслъанэ ыкIи Юрэ, Псэунэкъо зэшхэу Долэт, Даут ыкIи Амэрбый. Ахэм чIыгухэм анэмыкIэу былымхэри аIыгъых, къушъхьэхъум ахэр щагъэхъух. ЗичIыгу алэжьыхэрэм илъэс къэс коцэу ыкIи хьэу тонн зырыз, дэгъэ килограмми 10, шъоущыгъу дзыо зырыз араты. Шъыпкъэр пIощтмэ, ащ фэдэу цIыфхэр агъэразэхэу бэрэ урихьылIэрэп.

ЧIыгухэр технологие гъэнэфагъэу щыIэхэм атетэу игъом ажъох, ащэпхъэх, къащагъэкIыгъэхэр Iуахыжьых. ЧIыгъэшIухэмкIэ ягугъух, чылэпхъэ анахьышIухэри ахалъхьэх. ЧIыгулэжьхэм яшъыпкъ, центнер 60-м кIагъахьэу бжыхьасэхэр гъэ къэс гектар пэпчъ къырахыжьы. ЧIыгулэжьхэр зымыгъэразэхэрэр зы — къиныбэ тыралъагъозэ къагъэкIырэ лэжьыгъэм хабзэм уасэу къыфигъэуцурэр зэрэмакIэр ары.

Унэгъо хъызмэтшIапIэ е унэе бизнес зэхэзыщагъэхэри, хэбзэ къулыкъушIэ чанхэри Кургъокъо къоджэ псэупIэм къыщыхъугъэхэм ахэтых. Псэунэкъо Даут — ООО-у «Агрокомплекс «Успенский» зыфиIорэм иIэшъхьэтет, Бгъошэ Сурэ — къэралыгъо учреждениеу «Россемцентр» зыфиIорэм икъутамэу Къэрэщэе-Щэрджэс Республикэм щыIэм ипащ, Дармилов Игорь — КъЩР-м ипрокурор шъхьаIэ игуадз, Хесокъо Роман — Успенскэ районымкIэ къэралыгъо учреждениеу цIыфхэм IофшIэн ягъэгъотыгъэным фэгъэзагъэм ипащ, Иуаныкъо Мухьамэд — Кургъокъо къоджэ псэупIэм иадминистрацие ипащ, Къазынэ Рэщыдэ — милицием иполковник, Успенскэ районымкIэ ОВД-м общественнэ рэхьатныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ иотдел ипащ, Къазынэ Николай — район кIэлэцIыкIу спортивнэ еджапIэм идиректор, Къазынэ Руслъан — КъЩР-м и Парламент и Народнэ ЗэIукIэ идепутат (щыри зэшых).

Кургъокъом дэсхэр адыгабзэкIэ дэгъоу мэгущыIэх, ау, гукъаоми, къеджэшъухэрэп ыкIи тхэшъухэрэп. Урыс нысэхэр мымакIэу унагъохэм къафащагъэх. Ахэм бзэри зэрагъашIэ, нахьыжъхэри агъашIох, адыгэ зэхэтыкIэм зэрэдырагъэштэщтым пылъых.

Къуаджэр сабыйхэм къагъэдахэ ыкIи къагъэбаи. Бэмэ урысыцIэхэр афаусыгъэх. Ахэм язакъоп, зыныбжь илъэс 50 — 60-м нэсыгъэхэми Николай, Игорь, Юрий, нэмыкIхэри ацIэх. АдыгэцIэ дахэу щыIэр бэдэд, ау урысхэм апэблагъэхэу, къягъэтIысэкIыгъэхэу, ахэсхэу зэрэщытым ифэмэ-бжьымэ адыгэ къуаджэм къытемыхьан ылъэкIырэп.

«Нэфым» икъашъохэм яплъынхэу чылэм дэсыр зэкIэ клубым къэкIогъагъ. ЛIыбзыу Аслъан ипщынэ макъи залым щыжъынчыгъ. ЦIыфхэм инэу ягопагъ ащ фэдэ зэIукIэгъу зэрэзэхащагъэр. ЧIыпIэ администрацием ипащэу Иуаныкъо Мухьамэдрэ АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу КIэрмыт Мухьдинэрэ сценэм къыдэкIуаехи, къызэгущыIэхэми бэрэ Iэгу афытеуагъэх.

Тызэпэмычыжьэми, бэрэ тызэхахьэрэп, дэгъоу тызэрэшIэрэп. ТызызэIукIэкIэ, гукIэ тызэпэгъокIы. ТизекIуакIи тишIыкIи — адыгэ хабзэм къыхэкIыгъэх. Кургъокъохэм яIэнэ шыгъи ухагъэплъыхьанэу адыгэ шхынхэмкIэ ушъэгъагъэ. Щыпс-пIасти, хьалыжъуи, бахъсыми, пэлъкъауи уамышхэкIынэу ябзылъфыгъэхэм ашIых.

Тыадыг зэкIэми. Тызылъэпкъ.

***ШЪАУКЪО Аслъангуащ.***

***(Джыри къыкIэлъыкIощт).***

# Хьазаб макIэп сянэ ыщэчыгъэр

**Сянэу** ЛIышэ (Нэгъырэкъомэ япхъу) Цацэ 1906-рэ илъэсым Джыракъые къыщыхъугъ. Дунаир бырсырэу, гъабли тхьамкIагъуи къызэпичыгъэр бэ. Нэбгырибгъу сабыеу къыфэхъугъ, ахэм ащыщэу нэбгыритIу къыфэнэгъагъэр.

Ащ ышрэ (Нэгъырэкъо Мыхьамод) ышыпхъурэ (Нэгъырэкъо Нин) аныбжь имыкъугъэу ибэу къызэнэхэм къызэрищэлIэжьыхи, Мамхыгъэ щипIужьыгъагъэх. Ау ащ нахь къиныгъохэр джыри ыпэкIэ къэтыгъэх.

Мэкъуогъум и 22-м 1941-рэ илъэсым Хэгъэгу зэошхор къежьагъ. Сятэу ЛIышэ Пашэ, сятэшэу Алый, нэмыкI хъулъфыгъэ кIалэхэу зыныбжьыкIэ къызытефэу чылэм дэсыгъэхэр зэкIэ Iоныгъом и 7-м 1941-рэ илъэсым заом ащэгъагъэх ыкIи сяти сятэшми ныбжьи атеплъэжьыгъэхэп. Ащ дэжьым сшыпхъоу Марзыет илъэсиплI ыныбжьыгъ, сэ ныбэм силъыгъ. Сэ щылэ мазэм и 10-м 1942-рэ илъэсым сыкъэхъугъ. Сянэ тхьамыкIэр зыщыгугъ щымыIэу къэнэгъагъ.



«Джэхьнэм машIом пхырыкIыгъэр» зыфиIорэ тхыгъэу Бэджэнэ Мурат «Адыгэ макъэм» къыригъэхьагъэм гупшысэ хьылъабэ икIэрыкIэу сшъхьэ къыригъэтэджэжьыгъ.

Сятэ зыдащым зы письмэ закъо къаригъэхьыгъагъ, ари тигъунэгъу лIыжъэу НакI Саусырыкъу къызыфитхыгъагъэр. «Украинэ лъэныкъом тащэ», — джары а письмэм итхэгъагъэр. Ащ ыуж бэ темышIэу «Без вести пропал» ыIоу итхагъэу щэнэбзэу зэдэгъэпкIагъэу тянэ письмэ къыфарагъэхьыгъагъ. А «без вести» бетэмалэр ары бэлахьэр къызпыкIыгъэр.

Бэрэ къыхэкIыгъ милицэхэр къакIомэ тыкъалъыхъоу. «УилI дезертирэу къыхэхьажьыгъ, гъэбылъыгъэу унэм ис, шъоушъэфы», — аIощтыгъэ. — Чэщ горэм кIымэфэшхоу тиуни чъыIэу, тызэрыфэпагъэу нэбгырищым а зы пIэм тыхэлъэу, джырымэ пIэр тIэкIу фэбагъэба зыщытIоным, пчъэм лъэшэу къытеуагъэх.

— КъыIух пчъэр, — аIо.

— Сыда шъузыфаер? — еIо тянэ тхьамыкIэм.

— КъыIух, — аIо мэкуох.

— КъыIусхыщтэп, сэ сыбзылъфыгъ. Нэф къэшъымэ шъукъакIу, — еIо тянэ мэгуIэ.

Мыхъухэ зэхъум, сянэ Iуихыгъ фэмыеми. Нэбгырэ зыщыплI къезэрэгъэбэнагъ. ПылъапIэм пылъэгъэ фуфэйкэжъым ебэныгъэх.

— Мыр зыер тыдэ щыIа? — аIо загъэпхъашэ.

ПIэкIор чIэгъи кIашъуи къамыгъанэу, къогъуи къокIи къалъыхъуи, тянэ тхьамыкIэр чъыIэмрэ щтагъэмрэ зэхэтэу тIыгурыгоу къагъани икIыжьыгъэх.

— Сэ «лишеннэм» сыфэдагъ сыдигъокIи, — ыIощтыгъэ тянэ. — Займэм тыкIагъатхэ зыхъукIэ, сэщ фэдэ шъузабэхэр зыкIагъатхэрэм нахьи нахыбэкIэ сэ къыстепхъэшыхьэхэзэ сыкIагъатхэщтыгъэ. Хьакъулахьыр аугъоеу къекIокIыхэ зыхъукIэ, лъэшэу къыстепхъэшыхьэщтыгъэх. Шыку зэкIэшIагъэр ягъусэу хьакъулахьыр ямытымэ, унэм итыр ращын мурадыр яIэу къакIощтыгъэх. Зы шифонер плъышъорэ гъучI пIэкIорырэ нахь тиIагъэпти, пчъагъэрэ ралъэшъожьагъэх.

«Къысэбэнхэу дэзгъэтыщтыхэп», — ыIоти, тянэ хатэм къыдихыгъэ лэжьыгъэр е былым горэу ыхъугъэр ыщэщтыгъэ. Лъэси куи зэхэтэу Мыекъуапэ къакIощтыгъэ ыкIи хьакъулэхьэ Iофыр джащкIэ зэшIуигъэкIыщтыгъэ. А былымыр пIыгъыным сыд фэдиз бэлахьа пылъыгъэр: мэкъу узыщеощт чIыпIэр нэрэ-псэрэкIэ къыуатыщтыгъэ, етIанэ хашъом лэжьакIо зыщыкIохэрэм мэкъу еощтыгъэх. УуIэгун, уугъоижьын, кур къаIыпхын, къэпщэжьын... зэпстэуми Iофышхо апылъыгъ. Ари убзылъфыгъэ зыхъукIэ, сыдэу къиныгъа!? Мэкъур афимыкъоу, былымхэр Iарыгъэтэдж хъухэуи кIымафэхэр къыхэкIыгъэх.

Джащ фэдэу илъэс горэм (сэ ащ дэжьым илъэсих-блы фэдиз сыныбжьыгъ ыкIи а уахътэр къэсэшIэжьы) сянэ чэмыр сфэIыгъыжьыщтэп ыIуи шIуаригъэбзи, лыр лэжьыгъэкIэ (тыгъэгъазэ, натрыф) ыхъожьыгъагъ. ЦIыфмэ нахь яIэхэр арыгъэх. Тыгъэгъазэр дагъэ къаригъэшIынышъ ыщэнэу, нахь федэ зэрэхъущтым тетэу зэшIуигъэкIын ыгу хэлъыгъ. Ау ежь зэримыIоу Iофыр къычIэкIыгъ. «Тыгъэгъэзэ тыгъугъэр пщэфыгъэ», — аIуи аубыти, хьапсым чIагъэтIысхьагъэ, зыныбжь имыкъугъэ зэшыпхъуитIум, унэм тизакъоу тыкъырани. А хьапсыр зыдэщытыгъэри, зэрэкIымэфагъэри, сшыпхъурэ сэрырэ пIэтехъо фабэ фэтхьи тызэрыкIогъагъэри къэсэшIэжьы.

— О уадыгэ бзылъфыгъ, сшыпхъум уфэд. Тыгъэгъэзэ тыгъугъэр къыозыщагъэр къаIуи уттIупщыжьыщт, — къыраIощтыгъэ сянэ, ау зыкIи афеуцолIагъэп.

Мафэ горэм къеупчIыщтыгъэ лIым (ылъэкъуацIи къэсэшIэжьы, ау къэсIонэп, зыдэкIуагъэм къинэу тигъэлъэгъугъэр щипщыныжьыгъэн фае) сянэ къыриIуагъ: «Хьапсым учIэзгъэкIыжьыщт мыщ фэдэ зэзэгъыныгъэ зэдэтшIымэ: тхьамафэм тIо садэжь укъакIозэ чылэм мыхъо-мышIэу дэхъухьэрэр къысапIозэ пшIыщт».

Сянэ тхьамыкIэм учIэзгъэкIыжьыщт гугъур зызэхехым мо лIым къыIуагъэм еуцолIагъ ыкIи мэзэхэ хьазыр хъугъэу (тхьамафэрэ зычIагъэсыгъэ нэуж) къызэратIупщыжьыгъэ шIыкIэм игугъу къытфишIыгъэп, ау а пчэдыжьым жьы дэдэу къэтэджи «зыми ешъумыIу сыкъызэрыкIожьыгъагъэр», ыIуи икIыжьи, хьапсым кIожьыгъэ. Сыхьат зытIу нахьыбэ мыхъугъэу етIани къэкIожьыгъ. Iофым хэхъухьагъэм тыкIэупчIэн тшIагъэп, ежьыми зи къытиIуагъэп. Ау илъэс пчъагъэ тешIэжьыгъэу, зыгъэтIысыгъагъэхэри щымыIэжьыхэ зэхъум къытиIожьыгъагъ:

— Хьапсым сызэкIожьым, чэщым Iутыгъэ кIалэр къысэупчIыгъ:

«Сыд укъызкIэкIуагъэр?»

— Хьапсым сычIэжъугъэтIысхьажь, зэзэгъыныгъэу къыздэшъушIыгъэр сфэгъэцэкIэщтэп.

— ПфэмыгъэцэкIэщтмэ умыгъэцакIэ, кIожьи уисабыймэ ахэтIысхьажь, — ыIуи сыкъыIуифыгъ, — ыIощтыгъэ сянэ.

Тхьэм зэриIожьынэу, ащ ыуж зи къыкIэупчIэжьыгъэп.

СэгъэшIагъо а лъэхъаным сынэгу кIэкIыгъэр зэкIэ къызэрэсшIэжьырэр.

Лэжьэгъу уахътэм зы мэфэ дэсыгъуи, ясабыйхэр зэрэцIыкIум пайй фэгъэкIотэн ямыIэу бзылъфыгъэхэр хашъом пкIэнакIо кIощтыгъэх, Iухыжьыгъоми коцыр гъупчъэкIэ раупкIыщтыгъэ. Хьамэм коцыр къызырагъэкIужьыкIэ, щыбзэхэр IэкIэ къыращэкIыхэзэ утхындзэщтыгъэх. ЕтIанэ коц утхындзыгъэр хьылъэзехьэкIэ машинэм лъэой едзыгъэу ратакъощтыгъэ, шоферым госхэу Дондуковскэ элеваторым ащэщтыгъэ. Коцыр дзыомэ аратакъоти, шыкухэмкIи ащэу къыхэкIыщтыгъэ. Чэщи мафи зэпытэу а шъузэбэ купэу зэхэтыгъэр хьамэм къэтыщтыгъэх. Джащ фэдэу хьазабыр ателъэу Iоф ашIагъэу, ясабыйхэр зэрэхъухэрэри амышIэу, пшъыжьыгъэхэу къэкIожьыхэ зыхъукIэ къалъыхъущтыгъэх. Зы коц килограмм къызыпкъырахыкIэ илъэсищ хьапсэу къыуагъэхьыщтыгъэ. Губгъо чыжьэм (ТхыцI раIощтыгъэ) зыкIохэкIэ, тянэхэм мэз пырыпыцум пхъэхьан къыщашIыщтыгъэ ыкIи къызыдахыщтыгъэ. ШыкукIэ къэкIожьыхэ зыхъукIэ, кум пхъэр изылъхьэрэр лъэсэу къэкIожьыщтыгъэ.

Гъэстыныпхъэм икъэбар зы тарихъ хэгъэушъхьафыкIыгъэ икъущт. КIымафэхэр кIымэфэшхощтыгъэх. КъэсэшIэжьы осым лъагъо зыпхыратхъукIэ, сыкъыдэмыщэу сыдэтэу еджапIэм сызэрыкIощтыгъэр. ЕджапIэм сыкъикIыжьы зыхъукIэ, тиунэ ихьанэ-гъунэ сыкъызысыжькIэ унашъхьэм сыдэплъыещтыгъэ, ащ тет хьакушъхьэищым Iугъо къиу зыхъукIэ, гушIогъошхом сызэлъиштэщтыгъэ. Пчэдыжьым унэ кIоцIым сэхъыр дэпкъымэ акIэришIыхьагъэу, апчэу шъхьаныгъупчъэм хэлъым упхырыплъын умылъэкIэу, сянэ тхьамыкIэм пхъэ IофымкIэ зыздигъэзэщтыр, зэусэщтыр ымышIэу тыкъэтэджыщтыгъэ. Сыд фэдизэу ыгу кIодыгъэми зыкъытимыгъашIэу, ынэпс къехэу е тхьаусыхэу, зыгорэм мыхъун риIоу тлъэгъугъэп.

Ау зыгу кIодыпэхэрэри шъузабэмэ къахэкIыщтыгъэ. Ясабыймэ ашхыщти зыщалъэщти ямыIэу, чэмхэр Iэрыгъэтэджэу, бгъэнышъхьэр жьым зэрилъасэу къикуукIыщтыгъэх унэм. Тэмашъхьэм тесхэр зэкIэ ащ фэдэм екIуущтыгъэх: зым пхъэ тIэкIу къыхьымэ машIор ришIыхьэу, адрэм мэкъу хьан горэ къыфихьэу, къикуукIыгъэм тIэкIу гу къызIэпешIыхьэжьыфэ кIэрысыщтыгъэх. Ар гъэстыныпхъэм тщымыгъупшэжьынэу икъэбар гомыIу.

Ащ нэмыкIэу сянэ унэ пчъагъэ ышIыгъ хъулъфыгъэ IэпыIэгъу имыIэу. Сятэ къытфыщинэгъэ бгъэнышъхьэ унэм нэмыкIэу, сянэ униплI ышIыгъ: чыиф унэр, етIэ (сэман аIощтыгъэ) унитIу, зы чырбыщ зыфаIорэм фэдэу зы пщэрыхьэпIэ-гъэтIылъыпIэ ун, чэтэщ. Ахэр илъэс зыбгъупшI нахьыбэрэ щытыщтыгъэхэп. Зыр ымыухызэ, адрэр къутэжьыщтыгъэ. А шIын-къэшIыжьыным хэтызэ еджакIо сыкIощт, педучилищым сычIэхьанэу сыфай зэсэIом, фэягъэп сигъэкIонэу. «Хэт гуща уезыгъэджэщтыр?» — ыIогъагъ. «ШхапIэм хьалыгъум пкIэ щыриIэп, щаим ыуасэр чапычищ» (ащ дэжьым ары зэрэщытыгъэр) сIуи, Мыекъуапэ сыкъышIокIогъагъ. Шыкур, седжагъ ыкIи къэсыухыгъэх кIэлэегъэджэ училищри институтри, илъэс 40-ми сыкIэлэегъэджагъ.

Мурэтэ Чэпае итхыгъэ къэгъэлъэгъонэу «Шъузабэхэр» зыфиIорэр ежь янэ, ячылэ шъузабэмэ атехыгъэу ытхыгъэу еIо шъхьаем, сэ сянэ ищыIэныгъэ техыгъэ шъыпкъэу ар сэлъытэ. НэмыкI шъузабэхэу а лъэхъэнэ къиным къыхиубытагъэхэми ар дэдэр къыуаIон. Апэрэ илъэсэу ар театрэм къызыщагъэлъэгъуагъэм къыщегъэжьагъэу непэ къызынэсыгъэм сеплъ зэпытыгъэми, сезэщырэп ыкIи нэпсыр сфэмыубытэу гукъэкIыжь хьылъэхэм сызэлъаштэ.

Сыфай джырэ лъэхъан къин тэлъэгъу зыIохэрэм блэкIыгъэ уахътэм икъиныгъохэр агу къагъэкIыжьынхэшъ, ныбжьыкIэхэм блэкIыгъэ щыIакIэр зэрагъэшIэнышъ, щыIэкIэшIу амалхэу непэ щыIэхэм акIэгушIухэзэ, ахэр агъэфедэхэзэ щыIэнхэу.

***ЦIЫКIУ Бэл.***

Мыекъуапэ.

**НАРОДНЭ ПИСАТЕЛЭУ ЦУЕКЪО ЮНЫС ИЛЪЭС 70-рэ ЗЭРЭХЪУРЭМ ИПЭГЪОКI**

*ЦУЕКЪО Юныс*

# КЪАДЫРБЭЧ ИБЭЩШIЫГЪ

## Тарихъ романым щыщ пычыгъохэр

*(КъызыкIэлъыкIорэр мэлылъфэгъум и 20-м къыдэкIыгъэ номерым ит).*

Щыуан лъакъохэр къысигъахьи, гъучI хьакъошъо кIыхьэр атезгъэуцуагъ. Зыгорэ зэрэсIуагъэм пае, кIымафэр боу джыри чыжьэ, жэмэ анахь Iоф щыIэжьба?! Хьэкъуашъом псыр изыбзэу изгъэхъуагъ, мэшIошхо кIэсшIыхьажьыгъ. Тыгъосэрэ псэичхэр къыхьыхи, къызегъэтIылъым — зэкIэри къызгурыIуагъ. Мы чIыпIэр ары сэ апэрэу псыгъэжъуагъэмкIэ пхъэр зэрагъэлэбырэр зыщыслъэгъугъэр, сшIошъи хъуныеп ар сымылъэгъугъагъэмэ, тобэ! Къадырбэч, ей-ей, а мафэм, хьау, ахъшам мыхъупэзэ тиIоф тыухыгъагъэ, ым, ащыгъум гушIор зэрэфэмыухыжь! Якъуби инэу шIоигъуадж: сятэ зыкъыIуегъакIэшъ бэрэ къегыи, кIалэм, сэры шъхьаем, имыIоф къыфыхэпхыгъ; Сэт, сэры шъхьаем, ынатIэ итхагъэр нэфэшъхьаф. Адэ шъхьаджи иеплъыкIэ, хьау, шъхьаджи зэрэшIоигъоу ипаIо егъэIысты, — мырэущтэу зыIорэр сят. «Ихьау, мытэрэзыр тэмыгъаIо, Сэт къызфэхъугъэр тхылъыр ары», — Якъуб Цикужиевичым нахь зыкъегъэкъаигъэ. МэшIуитIу азыфагу сыдэт. Арыми, мыпчэдыжь фэдэу тичылэ пхъэшIэжъыр пхъэупсумэхъ лъэуджыджышхом иархъуанэ зырихыжьэрэм, сэри зыдесымыгъэхьыхын, хьау, архъуанэм зыдисымыдзэн сфэлъэкIырэп. Къадырбэч-Палкиныр къызэбгырэгушIукIы, къызэбгырэустхъукIы: «Ихь... сыутагъэ, Хъодэ ЦIыкIужъыекъом (Якъуб ары) игоожъ нэмыIэми Уасилэжъ краснэдеревщикым фэдэу узысымыгъасэрэм!» Уасилэу зыфиIорэр Къалэм дэс. Арэущтэу кIэщыгъошхор къыздиштагъэу, къэрар зешIым къынэужыгъ яблэнэрэ классым сихьэгъагъ сшIошI, шызэкъокумкIэ иблэгъэжъ дэжь сызищэгъагъэр...

Зы къысщышIэу сэр-сэрэу сызэгуцэфэжьыгъ: мыщ фэдэу зыгорэм тыпылъы хъумэ IэпэIэсэжъым ыIэмэ салъыплъэныр сикIас. Згъэадыгэ шъыпкъэ: иджэнэпшъапIэ, аужырэ чыIум нэс, гъэупкIэпкIэгъэ зэпыт, уятэпсмэ ыпшъи илыягъэу зэпекъузыкIыба пIонэу, иджэнэ Iашъхьэхэри ары. Тыжьын бгырыпхым пчанэр зэпекъузыкIы. Хъурышъо паIор, азанджапIэ шъхьэшыгу папцIэ шIыжьэу, шъхьарыс: нэIу кIыхьэ пэ кIыхь, тIэкIу зыкъегъэщышъуи фэд. КIэнакIэхэ зыхъукIэ мэщхы, сыда сыабдзахэба сэ еIошъ! ПкIэнтIэ гъуанткIо мэфэ реным зыкъыпхыриутынэп, нэпIэшхо нэбзыц макIэу гъургъутышху. ЫIэхэр, ыIэпэ лыргъужъхэр ары анахьэу сызэмызэщыхэрэр — пщынэ еорэм фэд, зэблегъэшъутых. Ежь, Къадырбэч, сызэрэлъыплъэрэр къызэрэшIошIырэр нэмыкI: зыгъас, Нэ, пстэури зэгъашIэ, гопэшхо сщэхъу, зэкIэри ышIэу зынэбгыри къалъфыгъэп. Сэ — уахътэр зэрэкIуагъэр сымышIэу мафэр сIэкIэкIы. — Нэ, хьанцэр шти жъокур кIэгъэзыкI, — аужырэ чыр псыжъом къыхихыгъэ къодыеу къыIуагъ, фэсакъ, зебгъэстыкъон! Iоф дэгъу хэдгъэкIыгъ непэ. ПэIокIахькъом икупэ ощх къещхмэ тызекIожьын тлъэкIырэп аIозэ, мызэгъэгум зыпкIэжъэр ятшIагъ — зекIоплъыгъэ идгъэлъэдэщтых!.. Хъун, хъун, тищыкIэгъэжьэп, джау шъопхъэу зэIыгъэзыкIи, ежь плъыкъожьыщт. Мыдэ, къызэрэппхынэу, муары шъодэныр пхъэпсеуапIэм телъ, зыкъэгъэхьазыр... Бисми Лахьи Рахьмани Рахьим...

Гъогогъу тIокI мэхъу джы мырэущтэу къызипчъырэр. ХъэдэнкIэ ыгъэгъушъыгъэ къуапэр ыкокI релъхьэшъ, ыIэгу къыстымэ епщэжьзэ, IитIумкIэ еубыты, фэсакъыпэзэ, ый, зэрэзэпымыкIыкIыщтымрэ мырэущтэу зэрэзэтефэхэрэри...

* * *

Сыд зыреIуи, сщыгъупшэжьыхэрэп, фэгъэдэIуагъэп, сэри сыабдзах, КIэмгуе хэгъэгу нэс укъикIыгъэу, цIэIужьыр къэсэмыгъахь, тэ, абдзахэмэ, ащ фэдэ горэ зэфэтымышIэжьыщтмэ, ыIозэ бзэгум IэшIу къытенэжьыгъэп, хьау, Мафэкъор бэрэ лъэIуагъэ, гур итхьакIыкIыпагъэу — адрэр фэгъэдэIуагъэп, ахъщэу тефэрэр, лIыгъэкIэ иджыбэ, умышIэмэ ахъщэ мыкIу пIонэу, ерэгъэ-псэрагъэкIэ мыдрэм шIурикожьызэ, хъулъфыгъэ джэдитIур шIукIаерэ, пхъэпс тызыщеорэ столыIум щызэрикъухьагъэх. Мафэкъом къытемыкIошъоу, тхылъыпIэ ахъщэ зэхэупIышкIогъэ IапIэу телъым Iапэ фегъэлъагъошъ щыт...

ПхъэшIэ Iэзэ-аталыкъым сятэ апэ сыкъызыфещэм, иIэмэ-псымэмэ саримыгъэкIуалIэу тхьамэфэ зытIущ фэдиз тешIагъ. Шъыпкъэ, апэ дэдэ сыкъызэкIом ахэр арыгъэх къысигъэлъэгъугъагъэхэр. Шъхьанигъупчъэшхо хэлъэу пышIыкI цIыкIум сызырещэм сыжэ къыIузыгъ: хьэлъэкъуаемэ къызэрафэмыIотыкIырэм Iофыр тет шъыпкъ! Къадырбэчи ыбзэ къытIэтагъ: яплъ, Алэбыйкъо щырыр, гущыIэ дахэм цIыфыр зэригъэбыбырэм фэд, мыхэр арых сэри тамэ къызгозыгъакIэхэрэр! Уемызэщмэ, умыщынэмэ, еIо, щыгъуаз шъхьаем, ыгу къыфидзэрэп, игъорыгъозэ, игъорыгъозэ къегъэщы, Къадырбэч нахь къыфешIэ, налым фэдэу къеуфэ, ый...

ГукIэгъушхо зыхэлъ зиусхьан, Къадырбэч-Палкиным ибэщышъхьэ къегъэхьазырыфэ, тхыпхъэ зытIущ сэ ащ къыпысIухьан. ПшIэным пае къыосэIо: мо бэщкъэгъэщыгъэхэу — ахэр джыри хьазыр дэдэхэп — пылъагъэхэр гъэмэфэ-бжыхьэпэ ощх ужхэр, кIымафэ цIэнлъэгъо лъэхъанхэр ары тичылэ лIыжъмэ къызашъхьапэхэрэр. СшIэрэп къызэращыхъурэр, ащ зытезымыгъакIэрэр, шъыпкъэмэ, къозэу ишъыщт! Тэрэз, тичылэ кэнаушъхьэхэр, ое ужхэм, цIэнлъэгъо Iаех, щтыргъукIхэм ягъоми щтагъох, ар къызгурэIо. Арымэ, чэушъхьэмэ зягъэIэтызэ шIыба, дэуубытхэзэ уздежьагъэм кIоба, ым, арыба зэрэщытыр?! Енэгуягъо, нэфэшъхьафхэр къыхахьэхэкIэ! ГъэрекIо, КIэмгуе сыкъекIы ыIуи, шыкукIэ Мафэкъом дэжь лIы горэ къэкIогъагъ. Кушъэрэ тхъууалъэрэ ыщэфи, игъогу техьажьыгъ. «Къаум, къаум» ыIозэ гъэшIэгъонэу гущыIэ горэ ыгъэпIырапIэщтыгъэ лIым. Корт, заул — зыфэпIоныр ары. Ащ нахьыеу, тэ тичыли лIыжъ къаумэ дэс, ПэIокIыхькъом илэгъухэу — зэгугъужьын фалIэх, загъэтхъэжьын емызэщыпцIэх. КIо, ар къэбар кIыхьащэ хъущт, синэфын.

— Мардж, шъодэныр, Нэ...

Пчыхьэм, жьым сызэрихьэзэ, къыосIуагъэба, мафэр зэрэкIуагъэри сшIагъэп, тадэжь сыкIожьыгъ. Къэлэпчъэжъые тедзэ ондырыхъур къышъхьарысхыгъэ къодыеу, мэкъамэр стхьакIумэ къыридзагъ: О-о, ора, орира... Хьатх КъокIасэ сшIэжьыгъэ. Хьатх ятемэн лъэныкъокIэ къыщэIу. Хьалэмэтба лIыхъужъымрэ темэпшъыгъэщтын, пхъэупсыпIэм ыцыпэ дэжь кIыбкIэ зытыригъакIи, лIыр уцугъэ. Кушъэ лъэгоу сыупсырэм къеплъэу жьыкъэщэгъу заулэрэ кIымысымыгъ. ЕтIанэ:

— Ори кушъэ ошIышъуа?.. — зигъэшъоубзэгугъ абдзахэ хьакIэм.

— Ай фэдэ ашIэрэп, Олэгъэй... — Мафэкъом ерагъэу жьы къещэ къодый, сыд зеIуи, къызытыримыгъэкIуагъэу шIошIышъ. — Сомэ такъырым сыкъыфэнагъ пIонэу.

— Мыслъымэн мэзэ къихьэгъакIэм фэд, дахэу оупсы, кIэлэхъу, — пхъэшIэжъым къыIуагъэр зэхимыхыгъэ фэдэу зишIызэ, кIэмгуелIым сэры нахь шIоIофыгъэр. ЛIым Олэгъэй ыцIагъ, плIэIубгъо пчэнэ псыгъо ищыгъэу. Ащи, Къадырбэч ием ихьащырэу, тыжьын бгырыпхыр ыбг къегъэчъэкIыгъ. ХьакIэр щагум дищыжьи, къызегъэзэжьым, ыгушIу къичъыгъэу лIыжъым ыгъэпIырэпIагъ:

— Плъэгъугъа?! Сэщ нахьыеу, ари зы абдзэхэ къоцыжъ горэн фае, — ахъщэр, сыдэу зешIи, къызэрэщыримыгъэгъэнагъэм инэу рыразэу. — Арыба зыкIаIорэр: абдзахэр псэгъау, сэшкор зыгъабзэрэр шапсыгъ... — ыгу бакъмэрышхо хъугъэ, сакIыб зэрэдэтыр ижьыкъащэкIэ зэхэсэшIэ, сэри хьакIэм сыкъызэкIигъэустхъуагъ, мыдэ машIоу Iэсэжьрэм пэлъэкъуахьхэмэ кIочIакIэу къызэрибыбыкIыжьэу, ей. Бэп тешIагъэр кушъэм ишIын сэри сызыфежьагъэр, къыслъэплъэшъ щыт сшIэми-сымышIэми. Къеплъ фаеми...

— Удэ! Удэ!.. Къадырбэч-Палкиныр ыгучIэ изыгъэу къызэрэкуугъэм сыкъыкIигъащти, нэплъэгъумкIэ сызэтхъокIыгъ — пхъэупсыпIэу хьакIэм зызтыригъэкIэгъагъэм, гъучI дэкъэцэшхом ышъхьагъ, мыхэр ори къыпкIэIэщтых, пшъхьапэу пфэIорышIэщтых, еIо. Ау емызэщ-елбэтым зыгорэкIэ узепцIыжьрэм, ежьхэри къыпфэгуитIу хъущтхэшъ ари къыосэIо.

Тобэ, Iэмэ-псымэу мыщ имылъыжьыр, хьау, ищыкIагъэу Iабэмэ къымыштэнэу дэпкъмэ апымылъагъэр орэкIодыжь, тижъмэ зэраIоу. Шъхьадж ищылъыпIэрэ ипылъапIэрэ, уIэбэлъэбэжьынэу щытэп, фэгъэунэфыгъах, сатыр-сатырхэу зэтеутыжьыгъэхэу. Гум бгъэгум чIыпIэ гъэнэфагъэ зэрэщыриIэм ихьащыр хьарзынэжъ. ЗэкIэ плъэгъурэр, пхъэх лъэпкъыгъо пчъагъэу унэгу къыкIидзэрэмэ анэмыкIхэр, кIыщ машIокIэ шIыгъэх. Наужъый, Къадырбэч ят, ублапIэ зышIыгъэр, ым, ублапIэр къыщызынагъэр. Мы хьакощ кIыхьэшхоу, мафэр ечэндым дегъэзыхыфэкIэ, зижьау къытэзыгъэшIушIэрэри Наужъые икIэныжь. Хьау, ащыгъум мы пхъэшIэ Iэзэ сиаталыкъи лIыпкъ иуцогъагъ, япшIыкIутIонэрэ кIэсэнэу пхъэшIэ цIэрыIом кIэтыгъ. Ар сэ сиаталыкъи загъорэ къыхеIукIы: «Наужъые, Тхьэм игунахь фегъэгъу, сиблэгъэ Уасилэ фэдагъ, ащ кIэхьан къэхъужьынэпщтын. СыгъукIэшъ, алахьалахь, Наужъые нибжьи ыIуагъэп, ау зэрэIэбэщт тIэкIу-шъокIухэр ежь ыIэкIэ ышIыхэзэ къырыкIуагъ. Модрэ хьакощ къуапэм кIыщышъо пIонэу къыпишIыхьагъ». Ары, Мафэкъо нахьыкIэми зыщыгугъынэу иIэр, а-енасын, зэп-тIоп къызэрэшъхьапэрэри. Пхъэпцхэр арых зэмылIэужыгъо лъытэгъуаехэр. Сынэхэр ащызэбгырэчъыхэшъ, загъорэ уахътэу сшIуахьырэр гъунэнчъ! «ЫIджары шъыу, уисэмэгуджэ агурэ рядым тетых!» лIыжъыр къыслъэхъыжъэ. Бырыухэр! Адэ бырыу жъугъэу пылъагъэхэр, ситхьэ лъапI! АпакIэхэр лыдыпсыдкIэ фылъыкIыгъэхэу. Тхъуолъэ кIоцIхэр зэрэриукуукIыхэрэ гъучIыпсэ хьалэмэтхэр, ей-ей, блэхьаджэ шIуцIэжьых пIонэу джэдэжъхэу гущтэ уагъэшIы. Мыхэр Къадырбэчэп, Къадырбэчи ятэ ычIыпIэ иуцожьыгъэу аIо шъхьаем, Цущэкъо гъукIэжъыр, хьэлъэкъое Лъэпшъыр, ары зисыдж къытекIыгъэхэр. Пхъэхэу къызфэсIуагъэхэр заводым къышIыгъэ закIэх. СикIэлэнэф, занкIэу, къуанчэу, олахьэ сымыджэгу, IонтIагъэу зэрэзэпахырэр, пIокIэбзэ-бзэялэхэу, пхъэмбгъур зэрэзэгуахырэр, чъыгыр зэрэрахыкIырэр... СIуагъэба, сызиIофытэкIэ ащыщэу къахэсхыщтыр сымышIэу, сыгукIэ сахэлъыхъухьэу, ым? НахьыбэмкIэ Къэлэ бэдзэрыр ары къыздырихыгъэхэр. «Мыр Уасилэ хьэкIакIо садэжь къызэкIом къысфихьыгъагъ», — еIошъ хьэшIыкъошIэу шIыгъэу егъашIошъ зыгорэ ахэлъ. Къызэрэщытхъурэм нэмыкIыкIэ, ыгъэфедэу зыкIи слъэгъугъэп...

Марышъ джы сиаталыкъ зыкIэгуIыщтыгъэм сыкIуи сыIукIагъ: сызэрэфаеу сызыщыфаем Iэмэ-псымэ зэгъэпэшыгъэшхом сыхэIабэ. Сезэщыгъэп. Сыщынагъэп джыри. ТапэкIэ къэхъужьыщтри сшIэрэп. Зигугъу къэсшIыгъэ Наужъые сшIэрэп, сшIэрэп ыIоу тIогъогогъу зиIокIэ нахьыбэ уемыупчIыжь зэраIоу, сапэ илъыр сыдым сигъэшIэн, сшIэрэп. Марышъ Мафэкъо Къадырбэчы сэ къысфэгъэхьыгъэу къэрарэу ышIыгъагъэр Якъубэ нагъэсыжьыгъэти, дигъэзыий щхыгъэ аIуагъ: «Это мы еще посмотрим!» Якъуб! Якъуб!

Сэ сыкъызкIэлъыкIорэ Аскэр пстэуми танахьыжъ, Мыхьамодэрэ Юсыфрэ сэ сауж къекIых. Ахьмэд сшIошIы сиапэрэ IэшIагъэ зыушэтыгъэр. Сымышэхъумэ, ежьыри ехъопсагъ, гупсэфыпIэ фэхъугъэу ыгу лъэшэу рихьыгъ, хьау, ыгу еIугъэ дэд. ЕIупэн ыIомэ, ар зыхэсшIыкIыгъэр пхъэ къызэрыкIуагъэп, хьэлъэкъое пхъэшIэжъым иIэпэчIэгъанэми ащыщыгъэп, тэтыягъ, ый. Зэоуж шъыпкъэу тятэ чылъэпэелъэшъох унэ лъэгэшхоу, хэпIакIэу къаIихыгъэм ригъэуцуагъэм къелыжьыгъэ чъыгэе-хэшъэе пхъэмбгъу тIэкIушъокIухэр. Бэлахьышхор къежьэным ыпэкIэ ыгъэхьазырыгъагъэх. Абдзэхэ хьакIэм мыслъымэн мэзакIэм ригъэхьыщырыгъэ кушъэ лъэгуитIур, боу псэр сихьафэу, пхъэмбгъу цыкъэрыкъэхым ащыгъум сэ хэсыупсыкIыгъ, хьау, хэсыуIучIыкIыгъ, ей-ей, А-Си-Пушкин, сеомэ обзэгъуцэр къыIуигоу! Арыба, огум зэрэщышъабэу, симэзэ-кушъэлъэгу нэфхэр зыкIэсамбыр IэшIухэр, а-енасын! Шъэбэ куцIыжъых, Чъыгаер гъучIы шъыпкъ. Пасэм щэпэкIэ папкIэу шхончыкум рагъэтIысхьэщтыгъэу къаIотэжьы. Ары. Ащ фэдэми сэ сшIагъэп, къысэзыIуагъэр Къадырбэч. ЛIы сызэхъум. Семызэщэу. Сымыщынэуи. «Это мы еще посмотрим», еIошъ Якъуби, Цикужиевичыри, афызэшIокIырэп.

*(Джыри къыкIэлъыкIощт).*

АДЫГЭ БЫРАКЪЫМ ИМЭФЭКI



# Къэзыгъэзэжьыгъэхэр рэгушхох

Адыгэ быракъым имэфэкI фэгъэхьыгъэ зэхахьэ Мыекъуапэ гъэшIэгъонэу щыкIощт. Республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» щыкIогъэ зэIукIэм ныбжьыкIэхэр, IэкIыб хэгъэгумэ къарыкIыжьыгъэхэ тилъэпкъэгъухэр мэфэкIым зэрэхэлэжьэщтхэм щытегущыIагъэх.

— Тыркуем сыкъикIыжьыгъ, Адыгэ къэралыгъом ибыракъэу жъогъо 12-р къызыхэлыдыкIырэр зэрэфыбатэрэр сэлъэгъу, — еIо Быжь Кая. — УичIыгу уисэу упсэуным имэхьанэ сэркIэ Iоф къызэрыкIоп. Тыркуем тилъэпкъэгъоу исхэм язгъашIэ сшIоигъу хэкум къызысэгъэзэжьым титарихъ, тикультурэ нахьышIоу ащыгъуазэ сызэрэхъугъэр.

Адыгэ Хасэм итхьамэтэ гуадзэу Едыдж Мэмэт, ныбжьыкIэмэ ацIэкIэ Кощбэе Анжелэ къызэрэтиIуагъэу, адыгэ быракъым имэфэкIэу Ленином ыцIэ зыхьырэ пчэгум щыкIощтым орэдхэр къыщаIощтых, адыгэ джэгур гъэшIэгъонэу щызэхащэщт.

Сурэтым итхэр: **Едыдж Мэмэт, Кощбэе Анжелэ, Быжь Кая адыгэ быракъым имэфэкI зыфагъэхьазыры.**

ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС ИПЭГЪОКI

# Сурэтхэм шIэжьыр ягъогогъу

**КъокIыпIэм и Къэралыгъо музей икъутамэу Мыекъуапэ дэтым «Позови меня, тихая Родина» зыфиIорэ къэгъэлъэгъоныр къыщызэIуахыгъ. Ащ фэгъэхьыгъэ зэхахьэм АР-м культурэмкIэ иминистрэ иапэрэ гуадзэу Нафиса Васильевар, министерствэм иотдел ипащэу Шэуджэн Бэлэ, сурэтышI цIэрыIохэр, культурэм иIофышIэхэр хэлэжьагъэх.**

Сурэтхэм якъэгъэлъэгъон изэхэщэн Iофыгъохэм ахэлэжьагъэх КъокIыпIэм и Къэралыгъо музей икъутамэу Мыекъуапэ дэтыр, Урысыем исурэтышIхэм я Союзэу Краснодар краим щызэхащагъэр, сурэтышI галерееу «Сантал» зыфиIоу Нина Стрижовар зипащэр.

Илъэс зэфэшъхьафхэм ашIыгъэхэ сурэти 100-м ехъу музеим къыщагъэлъагъо. Творчествэм и Унэу «Академическая дача» зыфиIоу И.Е. Репиным ыцIэ зыхьырэм исурэтышIмэ яIофшIагъэхэр гъэшIэгъоных. Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэхэ П. Филиппенкэм, В. Сидоровым, И. Коноваловым, Б. Булгаковым, нэмыкIхэми ясурэтхэм щыIэнычъэр къаIуатэ.

Адыгеим исурэтышIхэу В. Баркиным, В. Бердихиным, Б. Воронкиным, нэмыкIхэми ятворчествэ «Академическэ дачэхэм» къащагъэлъэгъуагъэх.

Темыр шъолъырымрэ Адыгеимрэ ащыпсэурэ сурэтышIхэр нахь зэпэблагъэ шIыгъэнхэм, ятворчествэ къызэфэIотэным афэшI къэгъэлъэгъоныр зэхащагъ. Хэгъэгу зэошхом ТекIоныгъэр къызыщыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъурэм ар фэгъэхьыгъ.

Сурэтхэм тичIыгу идэхагъэ, ибаиныгъэ, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим изытет, цIыфхэм ящыIакIэ къаIуатэ.

— Ащ фэдэ къэгъэлъэгъонхэр тищыкIагъэх, — еIо Адыгэ Республикэм исурэтышIхэм я Союз итхьаматэу Хъуажъ Рэмэзанэ. — УзыщыпсэурэРодинэр, уанэрэ уятэрэ узыщапIугъэ чIыгур, уилъэныкъо гупсэ ялъэпIагъэ сурэтхэм гукIэ уафащэ. Лъэшэу тафэраз зэхэщакIохэм, сурэтышIхэм.



*Сурэтыр къэгъэлъэгъоным къыщытырахыгъ.*

Еджэнымрэ спортымрэ

# Кубокыр, медальхэр къахьыгъэх

**Кубань ия XX-рэ универсиадэ гандболымкIэ Краснодар щыкIуагъ. Бзылъфыгъэ командэмэ язэнэкъокъухэм Адыгэ къэралыгъо университетым щеджэхэрэр ахэлажьэхи, апэрэ чIыпIэр къыдахыгъ.**

Тренерэу Ольга Рюхинар япащэу Адыгеим испортсменкэхэр текIоныгъэм фэбэнагъэх. Адыгэ къэралыгъо университетым икомандэ культурэмкIэ ыкIи искусствэмкIэ университетэу Краснодар дэтым 23:0-у, Кубань и Къэралыгъо аграрнэ университет 18:16-у, нэмыкI командэхэми атекIуи, финалым хэфагъ. Кубань икъэралыгъо университетрэ Адыгэ къэралыгъо университетымрэ зызэIокIэхэм, 24:20-у тиреспубликэ испортсменкэхэм текIоныгъэр къыдахыгъ. Адыгеим икомандэ кубокыр, медальхэр къыфагъэшъошагъэх.

Адыгэ къэралыгъо университетым щешIагъэх къэлэпчъэIутэу Светлана Рюхинар, Татьяна Гусаковар, Юлия Коцаревар, Елена Бурсиковар, Марина Чурбановар, Дэрбэ Замирэ, Анна Науменкэр, Анастасия Левченкэр, Анастасия Чебаевар.

Тиспортсменкэхэм Мыекъуапэ къызэгъэзэжьым гандбол клубэу «Адыифыр», Адыгэ къэралыгъо университетым иректорэу Хъунэго Рэщыдэ, спортымкIэ республикэм ипащэхэр къафэгушIуагъэх.

— Тигандболисткэхэр факультет зэфэшъхьафхэм ащеджэх, — еIо тренерэу Ольга Рюхинам. — Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмрэ дзюдомрэкIэ иинститут чIэсхэр, юридическэ факультетым щеджэхэрэр, нэмыкIхэри тикомандэ хэтыгъэх. Дэгъоу зэреджэхэрэм дакIоу, ящсауныгъэ агъэпытэ, спорт зэнэкъокъухэм ахэлажьэхэзэ, тигъунэгъу Краснодар краим ныбджэгъуныгъэу дытиIэр агъэпытэ.

Сурэтым итыр: **Адыгэ къэралыгъо университетым икомандэу апэрэ чIыпIэр къыдэзыхыгъэр.**



Гандбол. Суперлигэр

# «Астраханочкэр» «Адыифым» къыкIэхьажьыщтэп

**«Адыиф» Мыекъуапэ — «Астраханочка» Астрахань — 30:24 (13:12, 17:12).**

**Мэлылъфэгъум и 20-м Мыекъуапэ щызэдешIагъэх.**

**Зезыщагъэхэр: А. Будагов, Р. Ханмагомедов — тIури Краснодар.**

**«Адыиф», къэлэпчъэIутхэр: Рюхина, Буряченко; ешIакIохэр: Мартыненко — 7, Романенко — 5, Игнатченко — 3, Мельникова, Гусакова — 1, Гарбуз — 4, Суханова, Гопиенко, Андреева, Коцарева — 2, Дьякова — 6, Нехорошева — 2.**

«Астраханочкэр» ауж къинэрэ командэмэ къахэкIыжьыным пылъ, опыт зиIэ спортсменкэхэр ыштагъэхэу регъашIэх. «Адыифыр» яблэнэрэ чIыпIэм щыI — ащ урыгушхонэу щытэп. ЕшIэгъур зыхьыщтыр язэрэмыгъашIэу командэхэр зэнэкъокъугъэх. Тигандболисткэхэу Мария Мартыненкэр, Мария Гарбуз, Мария Романенкэр, Анна Игнатченкэр нахь къахэщыгъэх. Екатерина Дьяковам гъогогъуи 6 къэлапчъэм Iэгуаор зэрэдидзагъэр шIукIэ фэтэлъэгъу. КъэлэпчъэIутхэу Светлана Рюхинамрэ Анна Буряченкэмрэ яIэпэIэсэныгъэ зэрэхагъахъорэр ешIэгъухэм ахэтэлъагъо.

«Адыифым» итренер шъхьаIэу Александр Ревэ тигандболисткэхэр зэрешIагъэхэм ыгъэрэзагъ, ащ дакIоу, щыкIагъэу командэм хилъагъохэрэр зэрэдигъэзыжьыщтхэм пылъыщтэу къытиIуагъ.

Тыгъуасэ «Адыифымрэ» «Астраханочкэмрэ» ятIонэрэу зэдешIагъэх. Мэлылъфэгъум и 25-м нэс гандболымкIэ зэнэкъокъухэр Мыекъуапэ щыкIощтых.

*НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр* ***ЕМТIЫЛЪ Нурбый.***

**Зэхэзыщагъэхэр:** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:** Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адырыIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыIэр:** 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:** приемнэр: 52-16-79, редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44, редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:** **adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:** Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр** ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 6171**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 1123**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00